ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№№47-48 (23.206) • 2016 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 17, махуэку • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр тумэнитІщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Жылагъуэ зэщІэхъеенымкІэхэр

Къэралым и Унафэщ Іым къадещтэ

УФ-м и Президент, Урысейпсо цІыхубэ фронтым и Іэтащхьэ Путин Владимир къегъэув мэкъумэш щІалІэхэр бдзжанду зэрат Іэмалхэр нэхъ къызэрыгуэкІ ящІыну, агропромышленнэ комплексым я щІэгъэкъуэн программэхэр зэІухауэ ягъэззэщІэну. Къэралым и Унафэщ Іыр хэту, ОНФ-м Ставрополь къалэм щригъэкІуэкІа Ялэ щІыналъэ зэхуаку зэІущІэм мэкъумэш І энатІэм и зыужьныгъэр нэрылъагъуу зэтезыІыгъэ а лъэпощхьэпохэм щытепсэлъыхьащ.

КЪАПЩТЭМЭ, Путин Владимир Правительствэм и пщэ ирилъхьащ къэрал, муниципальнэ мылькум щыщу яІыгъ щІы Іыхьэхэр адэкІи бдзжанду зезыхьэнухэм иращІылІэ зэгурыІуэныгъэр нэхъ къызэрыгуэкІ зыщІыну зэгъэзэхуэжьныгъэхэр 2016 гъэм бадзэуэгъуэм и 1 пщІондэ законодательствэм хилъхьэну. КъищІынэмыщІауэ, къулыкъущІэхэм къапэщІытщ хьэсэхэр нэхъ мащІэ дыдэу бдзжанду къызэращтэ пІалъэм зэрыхагъэхъуэну щыкІэр ягъэбелджылыну.

- Президентым и пщэрылъхэр ягъэзащІэмэ, мэкъумэшыщІэхэр Іэухуншэ хьунукъым. Апхуэдэу бдзжанду зэрилъытыр куей пІалъэр иуха нэхъ, зэпеуэ Іэмалкіэ щІыр зэрыІамыхьыжыр ищІэмэ, фермерыр нэхъри тегушхуэнущ, Іэнатіэм мылъку нэхъыбэ хилъхьэнущ, зригъэужьынущ, - жеІэ ОНФ-м «Пэжагъымрэ фейдэмрэ я экономикэ» жыхуиІэ и лэжьакІуэ гупым и эксперт Мальцев Михаил.

ЗэІущІэм къыщыхагъэщащ гъавэ щІалІэхэр бдзжанду зэрат пІалъэр мэкъумэш проектхэм хухах зэманым нэхъри зэрынэхъ мащІэр. Абы и зэранкІэ, апхуэдэ проектхэм папщІэ, тыншу щІыхэр къахуэщтэркъым. Зэхьихьэм къыщыхалъхьащ мэкъумэш щІалІэхэр нэхъ мащІэ дыдэу бдзжанду къызэращтэ пІалъэр нэхъыбэ дыдэу ягъэува илъэс 49-м нэс хагъэхъуэну.

- А упщІэр нэгъэсауэ пыухыкІащ икІи пэжу къыводгъэув. Жэуапыр наІуэщ - бдзжанд пІалъэхэм пащэн хуейщ. Илэжьныгъэ щІым телэжьыхь предприятэхэм е щхьэзакъуэ хьэрычэтыщІэхэм абы занщІэу зэрыхупащэ къызэрыгуэкІ Іэмалым хуэкІуапхъэщ, - къигъэлъэгуащ Президентым.

Мыхьэнэшхуэ зиІэ нэгъуэщІ зы Іуэхуи кьаІэтащ - ар къэралым АПК-м зэрызыщІигъакъуэм пыль фейдэр зыхуэдэр зэрызэІуимбзырщ. Иужьрей илъэсхэм мэкъумэш Іэнатіэм зегъэужьыным федеральнэ бюджетым и хьэкъкІэ сом мелардищэкэр хухах. Арами, УФ-м ерыскъыпхъэ шынагъуэншагъэмкІэ и Доктринэм щыгъэбелджылахэр зэгъэхъуІэнным хуэунэтІауэ иджыри къыздэсым хуэфащэ гъунэ иІуа хъуакъым. Абы и пІэкІэ субсидие мелуанхэр гъэпцІагъэ Іэмалкіэ зэрызыІэрагъэхьэм теухуа уголовнэ Іуэхухэм я бжыгъэхэм хохъуэ. ОНФ-м и щІыналъэ зэхуаку зэІущІэм хэтахэм къызэралъытэмкІэ, а мыхъумыщІагъэхэр къыхокІ мылькур щІэуфауэ зэрыграгъашэм икІи къэрал дэІэпыкъунгъэ хуэныкъуэхэр къызэрыхах, мылькур къызэрагъэсэбэп щІыкІэр жылагъуэ кІэлъыплъыныгъэм щІэгъэувэн хуейуэ къагъэуваш.

УФ-м и Президентым Премьер-министрым кьалэн щищІащ, щІыналъэхэм я гъэзэщІакІуэ властым щыгъуу, субсидиехэр зэрыхухахымрэ ахэр зытещІыхьамрэ ятеуухуа хьыбархэр Интернетым зэрыщІэзэкІэльхьахьну щыкІэр мэкъауэрэуэм и 1 пщІондэ ягъэхьэзырыну, бюджет мылькур фейдэ пылъу къызэрагъэсэбэпым зэрыкІэлъыплъыну Іэмалхэр ябзыхуну.

- Бюджетым хуабжу щыхуящІэ мы зэманым дэтхэнэ сомми къэралым хэхъуэ къыхуихьыж хуейщ. Властым и мызакъуэу, жылагъуэри абы хущІэкъуэнхъэ. ИкІи аращ мэкъумэш Іэнатіэхэм хухах мылькур къызэрагъэсэбэпым кІэлъыплъыныр мы гъэм и кьалэн нэхъыщхьэхэм ящыщ зыуэ ОНФ-м къыщІилъытэр, - къыхигъэщащ Мальцев Михаил.

БЭКЪЕЙ Евгений,
ОНФ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм и пресс-Іуэхущ Іапіэм и лэжьакІуэ.

● КъБР-м и Парламентым и Президиумым

КъБР-м и Іэтащхьэм къигъэувахэр зэрагъэзэщІэну щІыкІэр яубзыху

КъБР-м и Парламентым и Президиумым и зи чэзу зэІущІэм депутатхэр щыхэпльащ Іуэху зэмылІэужьыгъуэу тІощІым щІигъум.

ПРЕЗИДИУМЫМ хэтхэр зэпкърыхауэ хэпльащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий 2016 гъэм мазаем и 19-м республикэм и Парламентым Зэрызыхуитъаэм къыщыгъэува кьалэнхэр гъэзэщІэнымкІэ лэжьыпхъэхэм икІи абы теухуа планым кьащтащ.

- Нобэ депутатхэм Іэ щІаІэта планым ипкъ иткІэ законопроекту 9 дгъэхьэзырыну, парламент едэІуэныгъэу, конференцу, нэгъуэщІ зэІущІэшхуэу 7 едгъэкІуэкІыну, ди зэІущІэхэм хиубыдэу Правительствэм хухэтх зэманым Іэнатіэ зэмылІэужьыгъуэхэм я щытыкІэм дыщыхэпльэну, комитетхэм я зэІущІэхэр республикэм и Іуэхущ Іапіэ, щІыналъэ щхьэхуэхэм щедгъэкІуэкІыну къытпэщтщ. Планыр гъэзэщІа зэрыхъум теухуа информацэр комитетхэм квартал къэс иратынущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и унафэщІым, - жиІащ РегламентымкІэ, депутат щэнхабзэмкІэ, парламент лэжьыгъэ зэгъэуІуныкІэ комитетым и унафэщІ **Кансаевз Еленэ**.

Социальнэ политикэмкІэ, лэжьыгъэмрэ узыншагъэр хъумэнымкІэ комитетым и унафэщІ **Къэжэр Хьусен** депутатхэм я пащхьэ кІэрихьащ «Щыхум и иммунодефицитым и вирусым (ВИЧ-инфекцэм) къигъэхьей узыфэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зыщемыгъэубгъуным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм я Законым и 11-нэ статьям къару имыІэжу къэлъытэным и Іуэхукіэ» КъБР-м и законым и проектыр. Документыр ягъэхьэзыращ Федеральнэ законым зэхъуэкІынигъэхэр зэрыхалъхьам икІи республикэ законыр абыхэм ягъэзэгъыжьын зэрыхуейм къыхэкІыу.

Президиумым хэтхэр тепсэлъыхьащ «2015 гъэм КъБР-м и законодательствэм и щытыкІэм и Іуэхукіэ» КъБР-м и Парламентым и докладым икІи ар къащтэн папщІэ КъБР-м и Парламентым и зэІущІэм къыщыхалъхьэну унафэ ящІащ.

Апхуэдэу Президиумым и зэІущІэм щытепсэлъыхьащ федеральнэ закон щхьэхуэхэм я проектхэм, УФ-м и субъектхэмрэ муниципальнэ щІыналъэхэмрэ я къэзыпцІытэ-къэзэбжь органхэм я лэжьыгъэр къызэгъэпэщынымкІэ псоми яхуэгъэзэа хабзэ щхьэхуэхэм, уней лъапсэхэм щыІэ хозяйствэхэм ятеухуауэ къэралым и нэгъуэщІ субъектхэм я парламентархэм къагъэхьа жэрдэмхэм.

Къэрал Іуэхущ Іапіэхэмрэ жылагъуэ Іуэхутхьэбзэхэр къызэзыгъэпэщ Іэнатіэхэмрэ я лэжьакІуэхэм я профсоюзым и республикэ комитетым и унафэщІ **Бакъ Фаинэ** КъБР-м и Парламентым и Унафэщ **Егоровэ Татьянэрэ** КъБР-м и Парламентым и Унафэщ Іыр хэту, Іуэхущ Іапіэхэм я къудамэхэм я юбилейхэмкІэ ехъуэхъуащ икІи ахэр илъэс кэуд лъандэрэ хьэлэту зэрылажьэм, КъБР-м и Парламентым и профсоюз организацэр къызэрэгъэпэщыныр зэтегъэувэнымрэ жыджэру зэрыхэтам, профсоюзым хэт лэжьакІуэхэм я социально-экономикэ хуитыныгъэхэр хъумэным куэд зэрыхащІыхьам папщІэ профсоюзым и республикэ комитетым и щІыхь тхьылъэр яритащ.

Абы иужькІэ **Егоровэ Татьянэ** УФ-м и Къэрал Думэм и ЩІыхь тхьылъэр Жанатаев Сэлим иритыжащ. Ар вице-спикерым кьыхуагъэфэщащ УФ-м и законодательствэм зегъэужьыныкІэ куэд зэрызэфІигъэкІам папщІэ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ Іапіэ.

Дзэлыкъуэ районым и Іуэхущ Іапіэщ Іэхэр

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ І Мусуков Алийрэ вице-премьер, егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхмкіэ министр Емуз Нинэрэ дыгъуасэ Дзэлыкъуэ районым щыІащ икІи абы и жылагъуэхэм щауха социальнэ Іуэхущ Іапіэхэр къыщызэІуахым хэтащ.

МАЛКЭ къуажэм хьэзыр щащІащ зи ухуэныгъэм сом мелуани 2,9-рэ текІуэда фельдшер-акушер пункт. «Мы Іуэхущ Іапіэр республикэ бюджетым и ахъшэкІэ ящІащ, - жиІащ Дзэлыкъуэ район сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэ Щоджэн Маринэ. - Мыбы Іуэхутхьэбзэхэр яхуищІэнущ къуажэкІэ лъэныкъуэмкІэ щыпсэухэм - псори зэхэту щІыху 1130-м».

Мы къуажэм и кум щыІэ амбулаторэр хъарзынэу мэлажьэ, ауэ къуажэкІэм щыпсэухэм ар ялэжьыжьащ, атІэми «Кавказ» федеральнэ автомобиль гъэугум адэкІэ щыІэщ. Аращ мы Іуэхущ Іапіэщ Іэр яухуэнкІэ къызыхэкІар.

Фельдшер-акушер пунктыр къыщызэІуахынум ирихьэлІэу абы район администрацэмкІ къуажэ администрацэмкІ я лІыкІуэхэр, медицинэм и лэжьакІуэхэр, къуажэдэс нэхъыжьхэри нэхъыщІэхэри кьекІуэлІащ. Псалъэ гуапэхэмкІэ щІыхь-хэм зыхуагъэзащ республикэм и Правительствэм и Унафэщ І Мусуков Алийрэ Дзэлыкъуэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэ Джатэ Русланрэ. Мы Іуэхущ Іапіэр зыхуеину медицинэ ІэмэпсымэхэмкІэ тэмэму къызэрэпэщащ, апхуэдэу узыфэ зэмылІэужьыгъуэхэм щеІэзэ пэш зыбжанэ хэтщ.

Республикэ программэм ипкъ иткІэ апхуэдэ Іуэхущ Іапіэхэр щащІ Зольскэ, Хьэбэз къуажэхэми.

* * *

Дзэлыкъуэкъуажэ и курыт еджапІэ №1-м хэт сабий сад №2-м и унэр щхьэхуэу щытщ. А Іуэхущ Іапіэм зи школ кІуэгъуэ мыхъуа сабийуэ 202-рэ екІуалІэу щытамэ, иджы унэр зэрызэрагъэпэщыжам, зэрырагъэфІэкІуам къыхэкІыу щІыкІуэхэм я бжыгъэр 62-кІэ нэхъыбэ хъунущ.

Ухуакіуэхэр мы Іуэхущ Іапіэм зы илъэсым нэблагъэкІэ елэжьащ икІи инженер коммуникацэхэр зэрахъуэкІащ, и щхьэр зэрагъэпэщыжащ, и кІуэцІри и щІыбри зэрахьащ. Псори зэхэту абы сом мелуан 70-м щигъуэ трагъэкІуэдащ.

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ І Мусуков Алий къуажэдэсхэм социальнэ ухуэныгъэр угъурлы яхуэхъуну, апхуэдэ ухуэныгъэу ратыну щрагъэкІуэкІэхэр илъэс къэс нэхъыбэ хъуну ехъуэхъуащ.

БОГАЧЁВЭ Иринэ.

● Лэскэн щІыналъэ

Къабзагъэр ди зэхуэдэ Іуэхущ

Лэскэн щІыналъэм къабзагъэм ехьэлІа гъатхэ лэжьыгъэхэр щаублащ.

Анзорей, Урыху, Арщыдан, Уэзрэдж къуажэхэм я унафэщІхэм я нэІэм щІэту зыхуей хуагъаззэ кІэрыхубжьэрыху идзыпІэхэр, уэрамхэр. Мыгувэу сэху тракІэнущ гъэугубгъуэхэм Іут жыгхэм. Мы зэманым ирихьэлІэу щІыпІэ куэдым щаухъэунщІащ зэран хъу жыг щхьэкІэхэр.

Зым иуцІэпІу, адрейм игъэкъабзэу жыжьэ унэсыныгъыми, къуажэдэсхэри мы Іуэхум къыхашэ. Мы гъэм апхуэдэ зэдэлажьэкІэм нэхъри зрагъэубгъуну, къапщтэмэ, щІэх-щІэхыupэ щдэт щІыхьэхуэхэр ирагъэкІуэкІыну, жыгхэр щІыхасэкІэ жылэдэсхэр зыдагъэІэпыкъуну я мурадщ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Налшык

Автомобиль щытыпІэхэр пщІэкІи пщІэнэшуи мэлажьэ

Бэзэр нэхъыщхьэм и щІыбкІэ щыІэ транспорт гъэувыпІэхэм ятеухуауэ Налшык къалэ округым и щІыпІэ администрацэм тхьэусыхафэ куэд къыІэрохьэ. ЩІыпІэ администрацэм потребительскэ рынокымкІэ и къудамэм и унафэщІ Къущхьэ Мурат зэрыжиІамкІэ, транспорт гъэувыпІэхэр пщІэкІи пщІэнэшуи мэлажьэ.

КъыщІэкІэ, Горькэм и цІэр зезыхьэ уэрамым - Ахъуэхъум и уэрамым щегъэжьауэ Толстойм и уэрамым нэсыху, апхуэдэу Ахъуэхъум и уэрамым автомобиль щытыпІэхэр зэгурыІуэныгъэкІэ бдзжанду щаІыгъщ. Лэжьэгъуэ зэманымрэ уасэхэмрэ хэзыгъэгъуазэ хьыбархэр гъэувыпІэхэм щыфІэдза пхъэбгъуэхэм къыщагъэутынущ. Транспорт гъэувыпІэм и лэжьакІуэм я дамыгъэр (бейджик) зыщІыгъу фащэ хэха щыгъын, кассэ чекхэр итын хуейщ.

Толстойм и уэрамым, апхуэдэу ПащІэмрэ Толстоймрэ я цІыхэр зезыхьэ уэрамхэм я зэхэкІыпІэм (Сабий стадионымрэ парк щыкІымрэ къабгъуриль щыпІэхэм) автомобиль щытыпІэхэр щыпщІэнэщ.

Налшык къалэ округым и щІыпІэ администрацэм и пресс-Іуэхущ Іапіэ.

Мы махуэхэм

Гъатхэпэм и 17, *махуэку*

♦Адыгэ Республикэм и парламентаризмэм и махуэщ

♦Лейпциг къалэм къыщыгъэІуах тхылъ жармыкІэ

♦1770 гъэм Ингушетиер Урысей къэралгъуэм хыхьащ.

♦1805 гъэм Дельпоцци Иван Къэбэрдейм пристав нэхъыщхьэу къагъэкІуащ.

♦1861 гъэм Италием и ипщэ, ищхъэрэ щІыналъэхэр зы къэралыгъуэу зэгухьащ.

♦1918 гъэм къызэІуахащ Тэрч щІыналъэм и лъэпкъхэм я ІІ съездыр.

♦1941 гъэм Вашингтон (США) къыщызэІуахащ Лъэпкъ художественнэ галерее. Иджыпсту ар дунейм щыныхъ къулей дыдэхэм ящыщу къалъытэ.

♦1950 гъэм радиоактивнэ пкъыгъэущІэ - Калифорний зыфІащар - зэхалъхьащ.

♦1960 гъэм Индиер щыІэ банкым къыдигъэкІащ къэралым и пащтыхь гуащэм и сурэтыр зытет, зы фунт стерлинг хъу аХьшэр.

♦Урыс сурэтыщІ цІэрыІуэ **Врубель Михаил** къызэралъхьэ илъэси 160-рэ ирокъу.

♦Совет журналист, тхакІуэ, Сталиным и цІэр зезыхьэ саугъэтым, Мамырыгъэм и дунейпсо саугъэтым я лауреат **Полевой** *(и унэцІэ дыдэр* ***Камповц)*** **Борис** къызэралъхьэ илъэси 108-рэ ирокъу.

♦Адыгэ Республикэм и цІыхубэ сурэтыщІ **Дыгъужь Мыхьмуд** и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокъу.

♦Америкэм щыщ киноактёр, продюсер, сценарийхэр зытх **Рассел Курт** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.

♦Урысей режиссёр, УФ-м гъуаздджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Астрахан Дмитрий** и ныбжьыр илъэс 59-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уфаУэ щыщытынущ. Мазэм хуабэр градуси 2 - 4, жэщым щІыІэр 1 градус щыхъэнущ.

Гъатхэпэм и 18, *мэрем*

♦Къырымыр Урысейм къыщыхьыхьэжа махуэщ. 2014 гъэм Іэ градзащ Къырым Республикэр Урысей Федерацэм къыхэзхьэжьыным теухуа зэгурыІуэныгъэм. Апхуэдэ щыкІэкІэ къэунэхуащ УФ-м и щІыналъэщхэру Къырым Республикэмрэ федеральнэ мыхьэнэ зиІэ Севастополь къалэмрэ.

♦Жейм и дунейпсо махуэщ

♦Белоруссием и къэрал Іуэху дзэхэм я махуэщ

♦1662 гъэм Париж дунейм щыяпэу лэжьэн щыщІидзащ жылагъуэ транспортым. Ар щІыхуи 8 зэуэ зэрыхуэ, щхьэ зытелъ, къуэфыхьа шыгу зэщІэщІат.

♦1871 гъэм Франджым Париж коммунэр къыщызэрагъэпэщащ.

♦1892 гъэм хоккей командэ нэхъыфІым хуагъэфащэ саугъэтыр - Стэнли и Кубокыр - ягъэуващ.

♦1913 гъэм Налшык къыщызэІуахащ округым и лъэпкъхэм я І съездыр.

♦1931 гъэм США-м къыщыщІагъэкІыу щІадзащ электрокъарукІэ лажьэ жъэкІэупсыр.

♦1965 гъэм СССР-м и лётчик-космонавт Леонов Алексей «Восход-2» къуэхьым икІри, хьэрш зэІухам дунейм щыяпэу хыхьащ.

♦1980 гъэм «Восход-2М» ракетэр Плесецк космодромым хьэршым яутІыпщыным щыхуагъэхьэзырым ар къуэдащ, мафІэсышхуи кьишащ. Абы щІыху 48-рэ зэкІуэдащ, 40-м щІигъум фэбжьышхуэхэр хахащу щытащ.

♦Урыс композитор цІэрыІуэ, дирижёр, жылагъуэ лэжьакІуэ **Римский-Корсаков Николай** къызэралъхьэ илъэси 172-рэ ирокъу.

♦Филологие щІэныгъэхэм я доктор, КъШКъУ-м и профессору щыта, КъБР-м, КъШР-м, АР-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ, ЩІДАА-м и академик, «Хэкум и пащхьэм щиІэ фІыщІэхэм папщІэ» орденым и 4-нэ, 3-нэ нагъыщэхэр зыхуагъэфэща **Хъупсырокъуэ Хьызыр** къызэралъхьэрэ илъэс 86-рэ ирокъу.

♦КъБР-м и цІыхубэ тхакІуэ **ЩІэджэкъэщІэ Хьэмыщэ** къызэралъхьэрэ илъэс 84-рэ ирокъу.

♦Урысей фигурист, Олимп чемпион, дунейм пІэнейрэ и чемпион хъуа, Европэ чемпионатым щэнейрэ щытекІуа **Ягудин Алексей** и ныбжьыр илъэс 36-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уэфІу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 4 - 7, жэщым градуси 3 щыхъэнущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЪЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Хьэщ ІэфІ и бысымыбжэ зэІухащ.

● Узыншагъэ

Я Іэзагъэкіэ зэдогуашэ

Налшык къалэ щекІуэкІащ «Актуальные вопросы колопроктологии» Кавказ Ищхьэрэ щІэныгъэ-практикэ конференц.

КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ Іапіэм хьыбар къыззырыдигъэщІамкІэ, зэхьихьэм хэтащ Сеченовым и цІэр зэрихьэу Москва дэт Ялэ медицинэ къэрал университетым колопроктологиемрэ малоинвазивнэ хирургиемкІэ и клиникэм и унафэщІ, профессор Царьков Пётр. Я лэжьыгъэ и пІалъэкІэ, я Іэзагъэкіэ зэхуэжьну зэхуэсат ди республикэм и мызакъуэу, Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щІыналъэм и медицинэ Іуэхущ Іапіэхэм я хирургхэр.

- Конференцыр нэхъыщхьэу зытеухуар куэтэныр лыых узыфэм зэриубыдырщ. Бжьыгъэхэм къызэрагъэлъагъуэмкІэ, илъэс къэс дуней псом а узыфэм егъэсымаджэ цІыху мелуаным щІигъу, абыхэм я зэхуэдитІым и ныкъуэр абы йолІыкІ. Узыфэм кьелыныр куэдкІэ елъытащ операцэ зэращІым. Илъэс къэс ди республикэм къыщахутэ а узыфэр цІыху 200-м яІэу. Дэ дыхуейщ иджырей Іэмалхэр ди Іэзэкіэм къыщыдгъэсэбэпкІэрэ сымаджэм и гъащІэм къыпытщэным и мызакъуэу, гукъыдэж иІэу адэкІи дгъэпсэуну, - жиІащ КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм и хирург нэхъыщхьэ, Аруан район сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэ Салэбатэ Рустам.

Царьков Пётр апхуэдэ операцэхэр егъэкІуэкІыным теухуауэ Іуэхум и пІалъэкІэ зэрадгъэушам и мызакъуэу, зи куэтэным шыкъыр хищІауэ операцэ ящІын хуейхэм зэреІэзэну щІыкІэр къызэрызрагъэпэщынымкІи чэнджэщэр яритащ.

ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэ.

● Лэскэн щІыналъэ

Къабзагъэр ди зэхуэдэ Іуэхущ

Лэскэн щІыналъэм къабзагъэм ехьэлІа гъатхэ лэжьыгъэхэр щаублащ.

Анзорей, Урыху, Арщыдан, Уэзрэдж къуажэхэм я унафэщІхэм я нэІэм щІэту зыхуей хуагъаззэ кІэрыхубжьэрыху идзыпІэхэр, уэрамхэр. Мыгувэу сэху тракІэнущ гъэугубгъуэхэм Іут жыгхэм. Мы зэманым ирихьэлІэу щІыпІэ куэдым щаухъэунщІащ зэран хъу жыг щхьэкІэхэр.

Зым иуцІэпІу, адрейм игъэкъабзэу жыжьэ унэсыныгъыми, къуажэдэсхэри мы Іуэхум къыхашэ. Мы гъэм апхуэдэ зэдэлажьэкІэм нэхъри зрагъэубгъуну, къапщтэмэ, щІэх-щІэхыupэ щдэт щІыхьэхуэхэр ирагъэкІуэкІыну, жыгхэр щІыхасэкІэ жылэдэсхэр зыдагъэІэпыкъуну я мурадщ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

«Адыгэ псалъэр» къыфІэрыхьэну фыхуеймэ

ПщІэ зыхуэтщІ ди щІэджыкІакІуэхэ!

Гъатхэпэм и 21 пщІондэ Іэ щІэвдзмэ, «Адыгэ псалъэр» ныфхуахьынущ мэлыжьыхьым и 1-м щыщІэдзауэ.

Мазищым ди газетым и уасэр сом 419-рэ кІэлІейкІэ 94-рэщ.

Ди индексыр 51531

Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Коллегиехэр

Сурэтыр **Елькъан Артур** *трихащ.*

Я лэжьыгъэм ироплъэж

КЪР-м Печатымрэ щIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и къэрал комитетым 2015 гъэм зэфIигъэкIахэр къащIащIикIуэжащ, мы илъэсым зэлэжьынухэри къащIигъэлъэгъуащ гъатхэпэм и 15-м иригъэкIуэкIа зэIущIэм. Абы щытепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым къащIадэкI газетхэмрэ журналхэмрэ республикэм щыпсэуухэм яIэрыхьэным пылъ гугъуехьхэми.

КЪР-м Печатымрэ щIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и къэрал комитетым и унафэщI **Къэзанш Людмилэ** псом ящэу къыхигъэщащ республикэмрэ къэралымрэ щекIуэкI Іэуихухэмрэ лэжьыгъэмрэ зыхуэдэм щIыхубэр щыгъэгъуэзэныр КЪР-м и уэбарегъащIэ Іэнатlэхэм къаазэрехьулIар.

Мы зэманым республикэм хъыбарегъащIэ Іэнатlэу 50 щолажьэ: 37-р печатнэу, 13-р электроннэу. Абыхэм Іут щIыху 600-м нэблагъэм я улахуэр ику иту сом 16500-рэ мэхъу.

- Республикэм щылажьэ хъыбарегъащIэ Іэнатlэхэм 2015 гъэм жыджэру къагъэлъэгъуащ КЪР-м и къэрал Іуэхущlапlэхэм я лэжьыгъэр зыхуэдэр (апхуэдэ хъыбару 8500-рэ хуэдиз къатащ), щIынальэм жылагъуэ, щэнхабзэ Іуэху щекIуэкIхэр (тхыгъэ мин 13-м щIигъу), - жиIащ Къэзанш Людмилэ. - ХъыбарегъащIэ Іэнатlэхэм гулъытэшхуэ хуащIащ Текlуэныгъэ Иным и илъэс 70-р къэралым зэрыщагъэльэпlаи (тхыгъэ мин 11-м щIигъу), УФ-м Литературэм и илъэсыр зэрыщекIуэкIам, КЪР-м Мэкъумэшым и илъэсу игъэувар зыхуэдам, Іулъхьэм, терроризмэм япэщIэтыным, нэгъуэщIхэми. Республикэ Іыгъыбзэм къыхэкIыу Іэнатlэм къыхуаутIыпщащ сом мелуан 257-рэ мин 533-рэ. Кредит щIыхуэр сом мелуан 31-рэ мини 172-рэ мэхъу.

Газетхэмрэ журналхэмрэ я унэм езыгъэхьхэм я бжыгъэм зэрыхэщIам щытепсэлъыхьыным, Къзэанш Людмилэ жиIащ ар федеральнэ субсидием зэрыхэщIамрэ «Урысейм и пощтым» и Іуэхутхьбзэхэм я уасэм зэрыхэхъуамрэ къызэрашар. Апхуэдэуи ныхыгъэщащ газетхэмрэ журналхэмрэ Интернетым щаIэ сайтхэм щIэупщIэшхуэ зэраIэр. Къэбэрдей-Балъкъэрым хъыбарегъащIэхэр къызыт и сайтхэм ящыщу нэхъ щIэрыIуэ хъуащ «РИА КБР» агентствэр (абы и сайтым маазэм хуэзэу щIыху мин 320-рэ йохьэ). Ар 2015 гъэм Урысейм щылажьэ хъыбарегъащIэ Іэнатlэ нэхъыфIи 100-м ящыщ хъуащ.

- Газетхэр къызэрыдзкI я бжыгъэм хэгъэхъуэжыным теухуауэ КЪР-м Печатымрэ щIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и къэрал комитетым нэгъабэ лэжьыгъэфIхэр иригъэкIуэкIащ. Абыхэм ящыщщ «Скверым дыкъыщодж», «ЩIыгъуазэ зыщI» зэхъхьэхэри, - жиIащ Къзэанш. - КъыхэгъащIапхъэщ «Эльбрус» тхыль тедзапIэм 2015 гъэм тхыль 71-рэ (адыгэбзэрэ балъкъэрыбзэкIэ 58-рэ, 13-р урысыбзэкIэ) къызэрыдигъэкIар. Псори зэхэту абыхэм я тиражыр мини 100-м нос.

Къэзанш къытеувыIащ республикэм и телерадиокомпаниехэр 2015 гъэм зэлэжьами. Мы зэманым щIыпIэ телевидением республикэм и процент 90-р къызэщIеубыдэ, тхьэмахуэм хуэзэу «1 КЪР» Іуэхущlапlэр сыхьэт 56-кIэ мэлажьэ, радиор тхьэмахуэм и кIуэцIкIэ сыхьэти 168-кIэ къопсалъэ. Гъатхэпэм и 1 лъандэрэ «Къэбэрдей-Балъкъэр» радиор FM диапазоным (101.8-м) техьащ.

- ЦIыхубэм дежкIэ мыхьэнэ зиIэ, хэтэ щхьэ зыгъэгъазавэхэм ятеуухуа нэтын гъэщIэгъуэн куэд трихащ «Къэбэрдей-Балъкъэр» къэрал телекомпанием. Псалъэм папщIэ, апхуэдэщ «Экологический патруль», «Мастер дружбы», «Приоритет», «Снимая маски», «Троллейбус времени» (фильм кIэщIхэр къыщыгъэлъэгъуэ нэтынкI) циклхэр, нэгъуэщI куэдри, - дыщIигъуащ къэпсэльам.

Къэзаншыр тепсэлъыхьащ зи узынщагъэм сэкъат иIэхэм (фIыуэ зэхэзымыхъхэмрэ зымыльагъуэмрэ ятегъэщIауэ) телевиденэр хуиту къызэрагъэсэбэлъыфынум теухуауэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэм 2015 гъэми зэрыпащам. Апхуэдэу Къбр-м «Доступная среда» и къэрал программэм хыхьэу, комитетым къищэхуащ телевизионнэ нэтынхэр Іэпэтэрмэшкlэ къагъэлъагъуэу Іуэхур зэтраухуэнымкIэ зыхуеину Іэмэпсымэщlэхэр. Абы сом мелуани 3-рэ мини 140-рэ текIуэдащ (федеральнэ мылъкум щыщу сом мелуани 2-рэ мини 140-рэ, республикэ хъыщэу зы мелуан). Мы зэманым Іэмэпсымэм ирилэжьэну Іэщlагъэлlэкр ягъэхьэзыр.

Унафэщlым къыхигъэщащ блогер, журналист ныбжьыщlэхэм папщIэ нэгъабэ Къарэ-Су жылэм щрагъэкIуэ-кIа зэIущIэм къэрал 15-м къикIаэу 100-м нэблагъэ зэрыхэтар. Къзаншым къыхигъэщащ ди щIынальэм и дахагъэм а щIалэгъуалэр зэрыдихьэхар, ягу къагъэкIыжьын яIэу зэрагъэзэжар, ди зэпыщIэныгъэхэмрэ зэхущытыкIэхэмрэ апхуэдэ Іуэхугъуэхэм зэрырагъэфIакIуэр.

Зэ Іущ Іэм къыщыпсэльащ «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Хьэфыщlэ Мухьэмэд**, КЪР-м Щэнхабзэмкlэ и фондым и унафэщI **Вэрокъуэ Владимир**, «Заман», «КБП» газетхэм я редактор нэхъыщхьэхэу **Аттаев Жэмалрэ Болэт Арсенрэ**. Абыхэм жаIащ КЪР-м Печатымрэ щIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и къэрал комитетым иригъэкIуэкIа лэжьыгъэр зэрыкупщlафIэр.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Бердиев Исмэхьил-хьэжы

Дзасэжь Хьэзрэталий

Дин пэжым и гъуэгум ирокIуэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и мусlымэнхэм я VII отчётхэхьнытгъэ зэIущIэ Налшык дэт Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуаплэм гъатхэпэм и 14-м щекIуэкIащ. Абы кыхьэлIащ КЪР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщl **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд**, Правительствэм и Унафэщlым и къуэдзэ **Битокъу Владимир**, Парламентым и Унафэщlым и къуэдзэ **Жанатаев Сэлим**, УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу КИФЩIм щыIэм и аппаратым и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэу КЪР-м щыIэ **Канунников Владимир**, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэчэгий**, Дунейпсо Ислъам миссием и унафэщI **Пщыхьэщlэ Шэфихь**, СНГ-м динхэм зэдай советым и тхьэмадэ **Пашаазде Шейхуль-ислъам Аллахшыкур**, Кавказ Ищхьэрэм щыпсэу мусlымэнхэм я лэжьыгъэр зэзыгъэIу советым и тхьэмадэ **Бердиев Исмэхьилхьэжы**, Кавказ Ищхьэрэ республикэхэм я муфтийхэр, нэгъуэщIхэри.

Республикэм и мусlымэн зэгуэхьэныгъэхэм я лIыкIуэу 140-рэ зэIущIэм хэтащ. Абы кьащIаIэта Іуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ 2011 - 2015 гъэхэм КЪР-м и Мусlымэн Іуэхущlапlэм и лэжьыгъэм хэплъэжьныр, республикэм и муфтийр, къадийр, ревизэ комиссэр хэхьжыныр, Іуэхущlапlэм и уставым зэхъуэкIыныгъэ, дэщIыгъуныгъэхэр хэлъхьэныр.

Зэ Іущ Іэр иригъэкIуэкIащ Кавказ Ищхьэрэ Ислъам университетым и ректор **Чочаев Шарафутдин**.

Зэ Іущ Іэм и мандат кощ миссэмрэ секретариатымрэ хаха нэужь, псалъэ ирагащ КЪР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщl Къуэдзокъуэ Мухьэмэд. Ар куэдкащ КIуэкIуэ Юрий зэIущIэм хэтхэм зэрызахуигъаазэм.

КIэлъыкIуэу къэпсэлъащ Пашаазде Шейх-уль-ислъам Аллахшыкур.

- Си къуэшхэ, си шыпхъуэхэ! Азербайджаным и цIыхухэм къабгъэдэкIыу сэлам гуапэ фызохьэ. ИкъыкIэ гуапэ тщохъу Урысей Федерацэм мусlымэнхэм зэрызащIигъакIуэр. Дэ тфIэкъабылкъым языныкъуэ щIынальэхэм къыщыхъуа зэщIэхъеныгъэхэр, абыхэм я зэранкIэ Іэпхъуэшапхъуэ хъуахэр. Азербайджаным и цIыхухэм яфIэкъабылщ Урысей Федерацэм Сирием «Ислъам къэралыгъуэ»-кIэ зэджэ щIэпхъаджащIэхэм ебэныным ехьэлIауэ щригъэкIуэкI Іуэхугъуэхэр. Абыхэм уэрэкъуэту фIэкIа уапэлъэщыныкъым. Дэ Алыхьым и гъуэгу захуэм зыми дытришыфынукъым. Ди гум къинэжащ диным зи псэр щIэзытахэри. Абы къыхэкIыу и цIэр къизмыIуэу къысхуэгъэнэнукъым щIэпхъаджащIэхэм яIэщIэукIа ди къуэш лъапIэ Пщыхьэщlэ Іэнас. Абы и гъащIэр щIитащ дин пэжыр цIыхухэм ябгъэдэлъхьэныр.

Си гуапэщ ди нобэрей зэIущIэм хьэщlэ лъапIэхэр, дин лэжьакIуэ цIэрыIуэхэр къызэрырихьэлIар. ФIыщlэ хэха хуэсщlыну сыхуейщ, нэгъуэщI къэралым къикIа Пашаазде Шейх-уль-ислъам Аллахшыкур, - жиIащ абы. - Ильэситху ипэкIэ гуузу дунейм ехьажащ ди къуэш Пщыхьэщlэ Іэнас. Абы щыгъуэм сэ си пщэ къыдэхуащ мы жэуаплIныгъэшхуэ зыпылъ къулыкъуэр.

Иужьрей ильэситхум ди лэжьыгъэр хуэунэтIауэ щытащ ислъамым и ухуэкIуэ ди республикэм зыщижьыным, дин щIэныгъэншагъэр дгъэкIуэныным, диныр зыIутхэм дадэIэпыкъуным, абыхэм я хуитыныгъэр тхъымэным. А зэманым кьирубыдэу жыджру щIалэгъуалэм дадэIэжьащ, социальнэ программэхэр кьедгъэжащ, ахэр зэрыдгъэззщIэным дыхущIэкъуащ. Дин Іуэхущlапlэм и лэжьакIуэхэр школхэм лекцэ кьащIоджэ, щIэблэщIэм лъэм къыхигъэщащ КЪР-м щыIэ УФСИН-м и унафэщI-р я лэжьыгъэм ерикIуахэмкIэ пэрытхэм зэращыщыр. Ар зи фIыщlэ я лэжьакIуэхэм, ветеранхэм псалъэ гуапэ яжриIащ.

- Си фIэщ мэхъу Урысей ФСИН-м и Управленэу КЪР-м щыIэм и лэжьакIуэхэм адэкIи пщIэрэ щIыхьэ пылъу я кьалэнхэр зэрагъэззщIэнур, - жиIащ Мэржэхъуэм.

Іуэхущlапlэм и лэжьакIуэ нэхъыфIхэр ягъэльэпIащ мы махуэм: КЪР-м щыIэ УФСИН-м и офицерхэм медалхэр, щIыхь тхылъхэр, фIыщIэ тхыгъэхэр ирагащ. Лэжьакlуэ зыбжанэм зи чэзу званиехэр хуагъэфэщащ.

Зи махуэр зыгъэлъапIэхэм псалъэ гуапэкIэ зыхуагъэзащ КЪР-мкIэ УФСИН-м и деж щыIэ Жылагъуэ советым и тхьэмадэ, «Советская молодежь» газетым и редактор нэхъыщхьэ Кьардэн Мухьэмэдрэ жылагъуэ-кIэлъплъакIуэ комиссэм и унафэщI Эндреев Мэгъэзалийрэ.

ЗЭБАР Мадинэ.

Я махуэр ягъэлъапIэ

Урысейм и уголовнэ-гъэзэщlакIуэ Іэнатlэм (УИС) и лэжьакIуэм и махуэр гъатхэпэм и 12-м ягъэлъапIэ. Урысей ФСИН-м и Іуэхущlапlэу КЪР-м щыIэм щекIуэкIащ Іэнатlэр илъэси 137-рэ зэрырикъумрэ я махуэмрэ теухуа зэIущIэ гуапэ.

ХАБЗЭ зэрыхъуауэ, Іуэхур щаублащ си кьалэн зыгъэзащIэу хэкIуэда я лэжьэгъуэхэм Управленэм и пщIантIэм щыхуагъэува фэелтIым деж. УФСИН-м и унафэщIэхэм, къызэхуэсахэм абы удз гъэгъахэр тралъхьэри, ягу имыху я лэжьэгъуэхэм я фэелтIым пщIэ хуащIу дакъикьэкIэ щымащ.

Махуэшхуэ зэхьыхьэм щыпащащ Управленэм и актовэ пэшым. Къызэхуэсахэм, ветеранэмрэ хьэщlэхэмрэ псалъэ гуапэкIэ захуигъэзащ Урысейм Тезырхэр егъэпшынынымкIэ и федеральнэ къулыкъум и Іуэхущlапlэу КЪР-м щыIэм и тхьэмадэ, къэрал кIуэцI къулыкъум и полковник Мэржэхъу Мухьэмэд. Абы и псалъэм къыхигъэщащ КЪР-м щыIэ УФСИН-р я лэжьыгъэм кьрикIуахэмкIэ пэрытхэм зэращыщыр. Ар зи фIыщIэ я лэжьакIуэхэм адэкIи пщIэрэ щIыхьэ пылъу я кьалэнхэр зэрагъэззщIэнур, - жиIащ Мэржэхъуэм.

Іуэхущlапlэм и лэжьакIуэ нэхъыфIхэр ягъэльэпIащ мы махуэм: КЪР-м щыIэ УФСИН-м и офицерхэм медалхэр, щIыхь тхылъхэр, фIыщIэ тхыгъэхэр ирагащ. Лэжьакlуэ зыбжанэм зи чэзу званиехэр хуагъэфэщащ.

Зи махуэр зыгъэлъапIэхэм псалъэ гуапэкIэ зыхуагъэзащ КЪР-мкIэ УФСИН-м и деж щыIэ Жылагъуэ советым и тхьэмадэ, «Советская молодежь» газетым и редактор нэхъыщхьэ Кьардэн Мухьэмэдрэ жылагъуэ-кIэлъплъакIуэ комиссэм и унафэщI Эндреев Мэгъэзалийрэ.

ЗЭБАР Мадинэ.

Игури и псэри етауэ

Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Осетие Ищхьэрэ-Аланиемрэ яку дэлъ зэныбжьэгъугъэр, къуэшыгъэр лIащIыгъуэкIэрэ псыхьа хъуащ, абыхэм зауэжь ноби. Осетин унэцIэр зезыхьэ Кебековэм я лъабжьэр ди республикэрщ здэщыIэр. А лъэпкъ дахэм къыхэкIа щIыху щIэрыIуэхэм ящыщ профессор Кебеков Мурадин Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщалъхуащ, абы бгъэдэлъ зэфIэкI лъагэхэм щыгъуэзэщ Кавказ щIынальэ псор.

ОСЕТИНХЭМРЭ къэбэрдейхэмрэ яку дэлъ зэныщIэныгъэфIхэм яхуэбгъадэ хъунущ осетинхэмрэ абхъазхэмрэ я зэхущытыкIэхэри. А лъэпкъхэм я тхыдэр, щэнхабзэр, хьэл-щэныр, псэкупсэ къулеягъыр зэхуэхуэнуэ къокIуэкI игъащIэми. Дэтхэнэ бгырыс лъэпкъыми хуэдэу, я щхьэхуитыныгъэр ягъэлъапIэу, нэгъуэщIхэми пщIэ, нэмыс хуащIу мэпсэу. Арауэ къыщIэкIынущ абхъазхэм ящыщ гуэр Осетием кIуэмэ е осетинхэм къахэкIа цIыху Абхъазым къыщыхутэмэ, зыхэхуар гурэ псэкIэ пэгъунэгъуу къащIыщIхъэр.

Апхуэдэущ профессор Кебеков Мурадин къызэрилъытар. Кавказ Ищхьэрэм щыяпэ юридическэ факультету Осетие Ищхьэрэ къэрал университетым къыщызэрагъэпэщам и декану лажьэ щIэныгъэлI цIэрыIуэр аращ 1980 гъэхэм я пэщIэдзэм Абхъазым щIэлэпхъуэфар. Юриспруденцием фIыуэ хэзыщIыкI, лэжьыгъэм и къызэгъэпэщ гуэр псэкIэ пэгъунэгъуу ящыщIыхьэр.

Апхуэдэущ профессор Кебеков Мурадин къызэрилъытар. Кавказ Ищхьэрэм щыяпэ юридическэ факультету Осетие Ищхьэрэ къэрал университетым къыщызэрагъэпэщам и декану лажьэ щIэныгъэлI цIэрыIуэр аращ 1980 гъэхэм я пэщIэдзэм Абхъазым щIэлэпхъуэфар. Юриспруденцием фIыуэ хэзыщIыкI, лэжьыгъэм и къызэгъэпэщ гуэр псэкIэ пэгъунэгъуу ящыщIыхьэр.

- Абхъаз къэрал университетыр щIэзэтеувэ лъэхъэнэ нэхъ гугъу дыдэхэм Кебековыр щытащ абы и кафедрэ нэхъ пэрытхэм ящыщ зым и унафэщIу икIи лэжьыгъэр къызыхуэтынгъэщIам щытепсэлъыхьым, Къзаншр Людмилэ жиIащ ар федеральнэ субсидием зэрыхэщIамрэ «Урысейм и пощтым» и Іуэхутхьбзэхэм я уасэм зэрыхэхъуамрэ къызэрашар. Апхуэдэуи ныхыгъэщащ газетхэмрэ журналхэмрэ Интернетым щаIэ сайтхэм щIэупщIэшхуэ зэраIэр. Къэбэрдей-Балъкъэрым хъыбарегъащIэхэр къызыт и сайтхэм ящыщу нэхъ щIэрыIуэ хъуащ «РИА КБР» агентствэр (абы и сайтым маазэм хуэзэу щIыху мин 320-рэ йохьэ). Ар 2015 гъэм Урысейм щылажьэ хъыбарегъащIэ Іэнатlэ нэхъыфIи 100-м ящыщ хъуащ.

- Газетхэр къызэрыдзкI я бжыгъэм хэгъэхъуэжыным теухуауэ КЪР-м Печатымрэ щIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и къэрал комитетым нэгъабэ лэжьыгъэфIхэр иригъэкIуэкIащ. Абыхэм ящыщщ «Скверым дыкъыщодж», «ЩIыгъуазэ зыщI» зэхъхьэхэри, - жиIащ Къзэаншым. - КъыхэгъащIапхъэщ «Эльбрус» тхыль тедзапIэм 2015 гъэм тхыль 71-рэ (адыгэбзэрэ балъкъэрыбзэкIэ 58-рэ, 13-р урысыбзэкIэ) къызэрыдигъэкIар. Псори зэхэту абыхэм я тиражыр мини 100-м нос.

Къзаншыр къытеувыIащ республикэм и телерадиокомпаниехэр 2015 гъэм зэлэжьами. Мы зэманым щIыпIэ телевидением республикэм и процент 90-р къызэщIеубыдэ, тхьэмахуэм хуэзэу «1 КЪР» Іуэхущlапlэр сыхьэт 56-кIэ мэлажьэ, радиор тхьэмахуэм и кIуэцIкIэ сыхьэти 168-кIэ къопсалъэ. Гъатхэпэм и 1 лъандэрэ «Къэбэрдей-Балъкъэр» радиор FM диапазоным (101.8-м) техьащ.

- ЦIыхубэм дежкIэ мыхьэнэ зиIэ, хэтэ щхьэ зыгъэгъазавэхэм ятеуухуа нэтын гъэщIэгъуэн куэд трихащ «Къэбэрдей-Балъкъэр» къэрал телекомпанием. Псалъэм папщIэ, апхуэдэщ «Экологический патруль», «Мастер дружбы», «Приоритет», «Снимая маски», «Троллейбус времени» (фильм кIэщIхэр къыщыгъэлъэгъуэ нэтынкI) циклхэр, нэгъуэщI куэдри, - дыщIигъуащ къэпсэльам.

Къзаншыр тепсэлъыхьащ зи узынщагъэм сэкъат иIэхэм (фIыуэ зэхэзымыхъхэмрэ зымыльагъуэмрэ ятегъэщIауэ) телевиденэр хуиту къызэрагъэсэбэлъыфынум теухуауэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэм 2015 гъэми зэрыпащам. Апхуэдэущ КЪР-м «Доступная среда» и къэрал программэм хыхьэу, комитетым къищэхуащ телевизионнэ нэтынхэр Іэпэтэрмэшкlэ къагъэлъагъуэу Іуэхур зэтраухуэнымкIэ зыхуеину Іэмэпсымэщlэхэр. Абы сом мелуани 3-рэ мини 140-рэ текIуэдащ (федеральнэ мылъкум щыщу сом мелуани 2-рэ мини 140-рэ, республикэ хъыщэу зы мелуан). Мы зэманым Іэмэпсымэм ирилэжьэну Іэщlагъэлlэкр ягъэхьэзыр.

Унафэщlым къыхигъэщащ блогер, журналист ныбжьыщlэхэм папщIэ нэгъабэ Къарэ-Су жылэм щрагъэкIуэ-кIа зэIущIэм къэрал 15-м къикIаэу 100-м нэблагъэ зэрыхэтар. Къзаншым къыхигъэщащ ди щIынальэм и дахагъэм а щIалэгъуалэр зэрыдихьэхар, ягу къагъэкIыжьын яIэу зэрагъэзэжар, ди зэпыщIэныгъэхэмрэ зэхущытыкIэхэмрэ апхуэдэ Іуэхугъуэхэм зэрырагъэфIакIуэр.

Зэ Іущ Іэм къыщыпсэльащ «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Хьэфыщlэ Мухьэмэд**, КЪР-м Щэнхабзэмкlэ и фондым и унафэщI **Вэрокъуэ Владимир**, «Заман», «КБП» газетхэм я редактор нэхъыщхьэхэу **Аттаев Жэмалрэ Болэт Арсенрэ**. Абыхэм жаIащ КЪР-м Печатымрэ щIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и къэрал комитетым иригъэкIуэкIа лэжьыгъэр зэрыкупщlафIэр.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Кебеков Мурадинрэ Дзасохов Александрэ.

Кафедрэм и унафэщIу щыту, Мурадин абы къызэриIэпэщащ лекцэхэм къызэреджапхъэм, семинархэр зэрегъэкIуэкIыпхъэм е гъэджакIуэхэр хуэзыгъасэ, сыт щыгъуи лажьэ курсхэр. Апхуэдэу абы еджапIэм щIэх-щIэхыуэ рэ къыщыдзэригъэпэщырт юриспруденцэмкIэ кьалэпсо, республикэпсо щIэныгъэ-практикэ конференцэхэр, ипэкIэ щылэжьа Владикавказ кьришырт Абхъаз къэрал университетым и юридическэ факультетым папщIэ литературэ хэха.

Кебековым Абхъазым щригъэкIуэкI лэжьыгъэр университетым щIэ хъалэнхэр тэрэзу зэфIэхьным деж къыщыынэртэкъым. Ди щIалэ-щIалэ гъэззщIащIуэ, Кебековым игъэлажьэрт лекцэ кьеджэ Іэщlагъэлlэгуп. Абыхэм цIыхухэр щыгъуэзэ хуащIырт республикэм щызекIуэ хабзэхэмрэ яIэ хуитыныгъэхэмрэ. Гупшэ Абхъазым щыIэ Іуэхущlапlэхэм, Іэнатlэхэм я лэжьакIуэхэми яхуэзэрт.

- Абхъаз къэрал университетыр щIэзэтеувэ лъэхъэнэ нэхъ гугъу дыдэхэм Кебековыр щытащ абы и кафедрэ нэхъ пэрытхэм ящыщ зым и унафэщIу икIи лэжьыгъэр къызыхуэтынгъэщIам щытепсэлъыхьым, юристIэщlагъэлI нэсхэр щыналъэм хуэгъэхьэзырыным и хэум къаIэ гъэззщlакIуэ комитетым и тхьэмадэу а лъэхъэнэм щыта Миканбэ Владимир и лъэIукIэ Мурадин щIыпIэм къыщызэригъэпэщащ икIи зэпыу имыIэу илъэс зыбжанэкIэ игъэзэгъэкIащ юридическэ семинархэр. Абыхэм зыкъырагъэхьэлIэрт кьалэм щылажьэ Іуэхущlапlэхэм я унафэщIхэм, Сыхьум и гъэззщlакIуэ комитетым и Іэщlагъэлlэхэм. Партым и обкомымрэ кьалэ комитетымрэ кьалэн къыщащIауэ, Кебековым игъэлажьэрт лекцэ кьеджэ Іэщlагъэлlэгуп. Абыхэм цIыхухэр щыгъуэзэ хуащIырт республикэм щызекIуэ хабзэхэмрэ яIэ хуитыныгъэхэмрэ. Гупшэ Абхъазым щыIэ Іуэхущlапlэхэм, Іэнатlэхэм я лэжьакIуэхэми яхуэзэрт.

- Абхъаз къэрал университетыр щIэзэтеувэ лъэхъэнэ нэхъ гугъу дыдэхэм Кебековыр щытащ абы и кафедрэ нэхъ пэрытхэм ящыщ зым и унафэщIу икIи лэжьыгъэр къызыхуэтынгъэщIам щытепсэлъыхьым, Къзаншр Людмилэ жиIащ ар федеральнэ субсидием зэрыхэщIамрэ «Урысейм и пощтым» и Іуэхутхьбзэхэм я уасэм зэрыхэхъуамрэ къызэрашар. Апхуэдэуи ныхыгъэщащ газетхэмрэ журналхэмрэ Интернетым щаIэ сайтхэм щIэупщIэшхуэ зэраIэр. Къэбэрдей-Балъкъэрым хъыбарегъащIэхэр къызыт и сайтхэм ящыщу нэхъ щIэрыIуэ хъуащ «РИА КБР» агентствэр (абы и сайтым маазэм хуэзэу щIыху мин 320-рэ йохьэ). Ар 2015 гъэм Урысейм щылажьэ хъыбарегъащIэ Іэнатlэ нэхъыфIи 100-м ящыщ хъуащ.

- Газетхэр къызэрыдзкI я бжыгъэм хэгъэхъуэжыным теухуауэ КЪР-м Печатымрэ щIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и къэрал комитетым нэгъабэ лэжьыгъэфIхэр иригъэкIуэкIащ. Абыхэм ящыщщ «Скверым дыкъыщодж», «ЩIыгъуазэ зыщI» зэхъхьэхэри, - жиIащ Къзэаншым. - КъыхэгъащIапхъэщ «Эльбрус» тхыль тедзапIэм 2015 гъэм тхыль 71-рэ (адыгэбзэрэ балъкъэрыбзэкIэ 58-рэ, 13-р урысыбзэкIэ) къызэрыдигъэкIар. Псори зэхэту абыхэм я тиражыр мини 100-м нос.

Къзаншыр къытеувыIащ республикэм и телерадиокомпаниехэр 2015 гъэм зэлэжьами. Мы зэманым щIыпIэ телевидением республикэм и процент 90-р къызэщIеубыдэ, тхьэмахуэм хуэзэу «1 КЪР» Іуэхущlапlэр сыхьэт 56-кIэ мэлажьэ, радиор тхьэмахуэм и кIуэцIкIэ сыхьэти 168-кIэ къопсалъэ. Гъатхэпэм и 1 лъандэрэ «Къэбэрдей-Балъкъэр» радиор FM диапазоным (101.8-м) техьащ.

- ЦIыхубэм дежкIэ мыхьэнэ зиIэ, хэтэ щхьэ зыгъэгъазавэхэм ятеуухуа нэтын гъэщIэгъуэн куэд трихащ «Къэбэрдей-Балъкъэр» къэрал телекомпанием. Псалъэм папщIэ, апхуэдэщ «Экологический патруль», «Мастер дружбы», «Приоритет», «Снимая маски», «Троллейбус времени» (фильм кIэщIхэр къыщыгъэлъэгъуэ нэтынкI) циклхэр, нэгъуэщI куэдри, - дыщIигъуащ къэпсэльам.

Къзаншыр тепсэлъыхьащ зи узынщагъэм сэкъат иIэхэм (фIыуэ зэхэзымыхъхэмрэ зымыльагъуэмрэ ятегъэщIауэ) телевиденэр хуиту къызэрагъэсэбэлъыфынум теухуауэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэм 2015 гъэми зэрыпащам. Апхуэдэущ КЪР-м «Доступная среда» и къэрал программэм хыхьэу, комитетым къищэхуащ телевизионнэ нэтынхэр Іэпэтэрмэшкlэ къагъэлъагъуэу Іуэхур зэтраухуэнымкIэ зыхуеину Іэмэпсымэщlэхэр. Абы сом мелуани 3-рэ мини 140-рэ текIуэдащ (федеральнэ мылъкум щыщу сом мелуани 2-рэ мини 140-рэ, республикэ хъыщэу зы мелуан). Мы зэманым Іэмэпсымэм ирилэжьэну Іэщlагъэлlэкр ягъэхьэзыр.

Унафэщlым къыхигъэщащ блогер, журналист ныбжьыщlэхэм папщIэ нэгъабэ Къарэ-Су жылэм щрагъэкIуэ-кIа зэIущIэм къэрал 15-м къикIаэу 100-м нэблагъэ зэрыхэтар. Къзаншым къыхигъэщащ ди щIынальэм и дахагъэм а щIалэгъуалэр зэрыдихьэхар, ягу къагъэкIыжьын яIэу зэрагъэзэжар, ди зэпыщIэныгъэхэмрэ зэхущытыкIэхэмрэ апхуэдэ Іуэхугъуэхэм зэрырагъэфIакIуэр.

Зэ Іущ Іэм къыщыпсэльащ «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Хьэфыщlэ Мухьэмэд**, КЪР-м Щэнхабзэмкlэ и фондым и унафэщI **Вэрокъуэ Владимир**, «Заман», «КБП» газетхэм я редактор нэхъыщхьэхэу **Аттаев Жэмалрэ Болэт Арсенрэ**. Абыхэм жаIащ КЪР-м Печатымрэ щIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и къэрал комитетым иригъэкIуэкIа лэжьыгъэр зэрыкупщlафIэр.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

Улахуэр зэлъытар

Дэтхэнэ зы лэжьакІуэри и улахуэр хэхъуэным щІохъуэпс. Зыри лейуэ зэфІэбгъэкІ хуэдэкъым, ауэ лэжьапІщІэм зеІэт. МащІэми, илъэс кьэдокІуейри, зэхэплъхьэжмэ, хъарзынэу укьокІ. Улахуэр зэрыхэхъуэр хэти инфляцэм хэти гъащІэм текІуадэм ирепх. Аращи, лэжьакІуэхэм къащохъу зыр адрейм ныхэкІыжу. ИпэжыпІэкІэ Іуэхур зэрыщытыр апхуэдэуккъым.

ФИ УЛАХУЭР зыкІи епхакъым ерыскъыхьэкІхэмрэ Іуэхутхьабзэхэмрэ я уасэм зэрыхэхъуэм, фпІын хуейуэ фи унагъуэм щІэсхэм я бжьгъэм, кредитымкІэ щІыхуэ зэрыфтелъым, бензинымрэ газымрэ я уасэм. ЛэжьыгъэкІэ фыкъыІззэлгъэпэщыр абыхэм игъэпІейтеинкІэ хъунщ, ауэ унафэр зытрищІыхьыр ахэракъым.

ГущІэгъунщагъэу къыфщыхъункІи хъунщ, ауэ пэжым ухуэхьэзырмэ нэхыфщ, иужькІэ уи гур зэщІыуэ нэхърэ. Ар кьыззэрыппщытэ хъуну Іэмалхэр щыІэщи, нобэ фыщыдгъэгъуззэнщ. Хэт ищІэн, зыгуэрым сэбэн хуэхъункІи хъунщ.

Индексацэ зэрыщымыІэнум и нэщэнитху

Ахэр апхуэдизкІэ нэрылъагъущ, дыззэсжащи, нэхъыбэм гу лъыдмытэу блыдогъэкІ. Абы щыгъуэми а нэщэнэхэращ улахуэм хагъэхъуэн ипэкІэ унафэщІхэм кьалъытэр. Апхуэдэ Іуэху бгъэдыхьэкІэр мытэмэму кьыпщыхъунри, арэзы утемыхъуэнри хэлъщ, ауэ аращ экономикэр зэтеомыщэщэжу зэтеэзыІыгъэр. Аращ зыжьыныгъэм и лъабжьэр, Іэнатіэ кьыззэзыгъэпэщыр, улахуэр хэззыІэтыр. Дызыпэмыплъауэ Іуэхур кьыщІэкІыфынущ. Араш ди Гъащіэр!

1. Экономикэм псори щытэмэмкъым.

УнафэщІхэм я гукъыдэжэр куэдкІэ елытащ экономикэм зэрыщыту зэрызиужьмэрэ абы щыщыІэ щытыкІэмрэ. Ахэр мыщІагъуэмэ, лэжьакІуэхэм я Іуэхуэри тэмэмыныкъым. ЛэжьапІэтым къыщохъу адэкІи нэхъ Іеиж хъуну икІи зыужьыныгъэмрэ зэІуэпэщыгъэмрэ и гур хуэщІакъым. Ар зыщІэхъуэпсыр Іуэхур нэхъри зэІымыхьэныращ. Абы къишэфынущ лэжьакІуэхэм я хэхъуэм кІэрыхуныр, лэжьапІэншэхэм я бжьгъэм хэхъуэныр, улахуэр гувэныр, нэгъуэщІ куэди. Аращи, лэжьапщІэр хэгъэхъуэным зы унафэщІи егупсысыркъым - ар делагъэу икІи шынагъуэу кьалъытэ.

2. Хьэрычэтыщ Іэхэм хэхъуэ яІэжкъым.

Улахуэр кьызыхэкІыр хэхъуэращ. Аращ зэрыщытыр. Улахуэм кьищынэмыщІауэ, хэхъуэм иджыри куэд дыдэ налог зэмылІэужьыгъуэхэм хагъэкІ. ЛэжьакІуэхэм я дежкІэ нэрылъагъуэу щымытми, абыхэми мыхьэнэшхуэ дыдэ яІэщ. Аэрращ пенсэхэр, пособиехэр, узыншагъэр хьумэным, щІэныгъэ егъэзыгъэтыным, нэгъуэщІ куэдми текІуадэ мыльку кьызыхэкІыр. Аращи, кьэралым хэхъуэ имыІэмэ, цІыхури абыхэм хокІыж.

3. Финанс щытыкІэр щІагъуэкъым.

Фыщылажьэ Іэнатіэм и финанс щытыкІэм набдзэгубдзаплъэу фыкІэлъыплъ. Абы иужькІэщ фи къэкІуэнур зыхуэдэр кьыщыгурыІуэнур. Фи Іуэхущ Іапіэм хэхъуэ имыІэмэ, нэхъ Іеи-жраци, щІыхуэм щІигъэнамэ, фІым фыщымыгугъ. Зыхуэвгъэхьэзыр нэхъ Іей дыдэм - лэжьапІэншэ фызэрыхъункІэ хъунум. Улахуэр хэмыхъуэми, уеблэмэ кІэрагъэхуми, щыбдэ пъхъэнэщ ар. Іэнатіэншэ умыхъэмэ аращ. Ераш Іэнатіэм и лэжьакІуэхэм игу ящІэгъуэрэ къахь ахъшэм яхущІигъумэ, мыгувэу псори утыкум кьинэнущ.

4. Хьэрхуэрэгъуэхэми я Іуэхур апхуэдэщ.

Іуэхущ Іапіэхэри зонынур Клинтон Хиллариц. Ахэращ праймериз щекІуэкІа штатхэм нэхъыбэрэ щытекІуар.

«Мы хэмыныгъэкэм кьыштщІэхъуэ щІэблэхэм я псэукІэнр иубзыхунщ», - жиІащ Клинтон и телъхьэхэм я пащьхэм къыщыпсалъэу. И хьэрхуэрэгъур абы хуабжьу кьрикъухьащ. Зи гугъу ищІар демократ партымкІэ кьыщыпэщІэт Сандерскъым - ар хигъэщІауэ жьпІэ хъунущ, нэхъ мыхьэнэшхуэ зиІэ штатитхум зэрыщытекІуам кьыхэкІы. АтІэ республикэ партым щэкІуэгъуэ мазэм кьыпигъэувынкІэ хъуну Трампщ. «Іэтащхьэм кьэралыр ихъумэн щІэблэхэм я псэукІэнр ирубзыхунщ», - жиІащ Клинтон и телъхьэхэм я пащьхэм къыщыпсалъэу. И хьэрхуэрэгъур абы хуабжьу кьрикъухьащ. Зи гугъу ищІар демократ партымкІэ кьыщыпэщІэт Сандерскъым - ар хигъэщІауэ жьпІэ хъунущ, нэхъ мыхьэнэшхуэ зиІэ штатитхум зэрыщытекІуам кьыхэкІы. АтІэ республикэ партым щэкІуэгъуэ мазэм кьыпигъэувынкІэ хъуну Трампщ. «Іэтащхьэм кьэралыр ихъумэн щІэблэхэм я псэукІэнр ирубзыхунщ», - жиІащ Клинтон и телъхьэхэм я пащьхэм къыщыпсалъэу. И хьэрхуэрэгъуэм зэрыщыІэ щытыкІэмрэ. Ахэр мыщІагъуэмэ, лэжьакІуэхэм я

● Хэхъуэ

Дамаск и арэзыныгъэ хэлъу Урысейм и дзэр Сирием кърашыж. Апхуэдэ Іэмал щыІэ хъуащ абы къыхуагъэуза къалэнхэр игъэззэщІа иужькІэ. Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир гъатхэпэм и 14-м унафэ ищІащ Сирием щыІэ ди дзэхэр кърашыжу мамырыгъэ зэпсэлъэныгъэхэм нэхъ егугъуну.

ВАШИНГТОНРЭ европэ къалащхьэхэмрэ зыкІи зыпэмыплъа Іуэхугъуэу къыщыщІэкІащ Путиным и унафэр. Араш абыхэм зэкІэ зыри щІыщІжамыІар.

«ЗыхъумэжныигъэмкІэ министерствэм хуэдгъуэза къалэнхэр зэрыщыту игъэззэщІауэ къызолъытэ. Абы къыхэкІыу унафэ сощІ пщэдей щыщІэдзауэ ди дзэ гуп нэхъыщхьэхэр Сирие Хъэрэп Республикэм къишыжьи щІадзэну», - щыжиІащ ди Президентым блыщхьэ кІуам и пщыхьэщхьэм нэгъуэщІ къэрал Іуэхуэмкі міинистр Лавров Сергейрэ зыхъумэжныигъэмкІэ министр Шойгу Сергейрэ ядригъэкІуэкІа зэІуэщІэм.

Урысей Федерацэм и лІыкІуэ ООН-м сыт щыгъуи щыІэ Чуркин Виталий ШынагъуэншагъэмкІэ Совет щыгъэгъуэзэнущ ди дзэхэр Сириемкъыщыжьи зэрыщІадзам.

Абы щыгъуэми Президентым къыхигъэщащ Тартус щыІэ урысей флотым и хэщІапІэхэмрэ Хмеймим авиабазэмрэ, нэхъапэми хуэдэу, лэжьыгъэр зэщІекъэкІыпхъэр. «Ахэр уэгумкІи, щІыпІэмкІи, тенджызымкІи быдэу хьумауэ щытын хуейщ», - кьалэн ящищІащ унафэщІ нэхъыщхьэм.

Путиным дыщІигъуащ Сириемкъыно урысей дзэхэм зауэр зэрыувыам кІэлъыплъыну зэракъалэныр.

Кьэрал унафэщІыр зауэлІхэм ящытхъуащ, хуагъэува кьалэнхэр и чэзум икІи дагъэнщэу зэрагъэззэщІам кьыхэкІыу. Ахэр бжьгъэкІэ мыкуэдми, зи зэфІэкІхэр инт. «Ди зауэлІхэм я фІыгъэщ мамыр Іуэхугъуэхэр кьыззэрегъэжьафар», - кьыхигъэщащ Президентым.

«Урысеидзэм СириемкъыщызэтриукІащ УФ-м икІаущ абы щызауэ боевик минитІым щІигъу, губгъуэ командир пщыкІубл яхэту», - жриІащ зыхъумэжныигъэмкІэ министр Шойгу Сергей Путиным.

Абы и псалъэхэм ятепщІыхьмэ, 2015 гъэм фокІадэм и 30-м щІэзыдза операцэм хиубыдэу урысей авиацэр мини 9-рэ уэгум ихьащ. Километр минрэ щитхурэ кьыззоранэкІыурэ, бомбэхэр ирадзыхащ. Абыхэм я фІыгъэкІэ терористхэм я зэпыщІэныгъэхэр кьыззэтракъутащ, щІыхуэкІэ хэщІныныгъэшхуэ ираташ. КьыззэтрагъэуВыІащ щІыдагъэр хабзэм къемызэгъыу ящэурэ абыкІэ мылъку зэрагъэпэщынри. Кьапщтэмэ, щІыдагъэ кьыщыщІащ щыпІэу 209-рэ, ахэр кьыззэрыращхІ транспорт мин 2-м щІиПу зэракъутащ. Урысей авиацэр я щІэгъэкъуэну жьлагъуэ 400 хуит кьащІыжащ, я щІыналъэр километр зэбгрыззэнатІэ мини 10 хъуу.

Путиным нэгъуэщІ къэрал Іуэхухэмкі міинистр Лавров Сергей пщэрылъ щищІащ Сириемщыщыщ гугъуехьэр зэфІэхыным теуэхуауэ мамыр зэпсэлъэныгъэхэр щІигъэхуэбжьэну. Абы игу кьыгъэкІыжащ блыщхьэм Женевэ зэІущІэшхуэ зэрыщыщэхаубляр. Зэпсэлъэныгъэхэм кьрашэлІащ СириемщызэпэщІэува лъэныкъуэ нэхъыщхьэхэр.

УФ-м и Президентым и пресс-секретарь Песков Дмитрий дыззэрыщигъэгъуэзамкІэ, зи кьалэныр зыгъэззэщІа урысеидзэр Сириемкъыщыжьыр Мэзкуурэ Дамаскрэ зэдаарэзыуэ кьащта Іуэхугъуэщ. «Лавровымрэ Шойгурэ ядригъэкІуэкІа зэІущІэм Президентым щыжиІа псомиа Асад Башар и арэзынынгъэ хэлъщ», - кьыхигъэщащ абы.

Песковым зэрыжиІамкІэ, телефонкІэ щызэпсалъэм Путиным Асад хъыбар иригъэщащ Урысейм Іэщ ІкІэ Зэщ Іуэзэда и Къарухэм Сириемщызыхуагъэувыжка кьалэнхэр зэрагъэззэщІар икІи абы кьыхэкІыу лэныкъуэхэр зэгурыІуащ авиацэм и дзэ нэхъыщхьэхэр ирашьжыну. Асад Башар Урысейм фІыщІэ кьыхуищІащ Сириемкъыщыжьыр Урысейм Іэщ ІкІэ зэрыхуэхьуам кьыхэкІыу. Къищынэмыщ Іауэ, абы кьыхигъэщащ я кьэралым мамырыгъэр щызэтеувэжьын папщІэ лъэкІ кьызэримыгъэнэнур. А Іуэхугъуэмкі хуабжьу сэбэн хъуну лъэныкъуэхэр щогугъ Лъэпкъ Зэкъуэтхэм я Зэгухьэныгъэм и жьауэм щІэту Женевэ кьыщызэІуаха зэпсэлъэныгъэхэр.

Сириемкъыщыжьыр щызэІыІигъэкъэм кьапэщІэтхэр щыгуфІыкІащ Урысейм и дзэхэр я кьэралым зэрырашыжьымрэ мамыр зэпсэлъэныгъэхэм зэрыщІадзамрэ. Апхуэдэу жиІащ абыхэм я комитет нэхъыщхьэм и лІыкІуэу Женевэ кьыщызэІуаха зэпсэлъэныгъэхэм хэт аль Меслет Сэлим журналистхэм я упщІэхэм жэуап щиритым. «Псалъэхэр Іуэхуі Іэ щІагъэбыдэжрэ урысеидзэр Сириемкъыщыжьмэ, зэпсэлъэныгъэхэм ар хуабжьу сэбэн хуэхъунущ, - кьыхигъэщащ аль Меслет Сэлим. А Іуэхугъуэм кьыгъэщІэтхэм нэхъ ягурыІуэгъафэ ищІынущ».

Унэ Хъэшыу и пресс-секретарь Эрнест Джошуа журналистхэм ядригъэкІуэкІа брифингым щыжиІащ Урысейм игъэІуа мурадхэр зэрыгъэзащІам Америкэм и Штат Зэгуэтхэр набдзэгубдзаплъэу зэрыбгъэдыхьэнур. «Ар тлъагъуэхкІэ зэкІэ зыри пыухкІауэ тхужьІэнукъым», - дыщІигъужащ абы.

Эрнест Джошуа кьыхигъэщащ США-м и президент Обамэ Барак Урысейм и Іэтащхьэм телефонкІэ кьепсэлъэнкІэ зэрыхъунур, СириемщызэфІэувэ щытыкІэр Путиным кьызэрыщыхъур зригъэщІэн папщІэ.

КЛИМЕНТЬЕВ Михаил.
«Комсомольская правда»

● Къуэкіыпіэ Гъунэгъу

Сириемдзэ кърашыжын щІадзэ

● Къэхъукъащ Іэхэр

Качиньскэр зэрыса кхъухьлъатэр къызэрехуэхамкІэ Урысейр егъэкъуаншэ

Польшэм зыхъумэжныигъэмкІэ и министр Маченевич Антони Урысейр игъэкъуэншащ я кьэралым и унафэщІ нэхъыщхьэхэр зэрыса кхъухьлъатэр 2010 гъэм Смоленск пэмыжьжьэу кьызэрыщехуэхамкІэ.

МАЧЕРЕВИЧ кьелъытэ а кхъухьлъатэр Урысейм кьиГъэуауэ, Польшэр щхьэхуитныгъэм хуэзышэ Качиньский Лех зи пашэ унафэщІхэр ямыІэжу кьиГъэнэн мурадкІэ.

- 2010 гъэм и мэлыжьхьым Смоленск пэмыжьжьэу кхъухьлъатэ кьызэрыщІехуэхар террорист Іуэхугъуэщ, - жиІащ зыхъумэжныигъэмкІэ министрым, «Иджырей политикэ» зэщІыхьэныгъэхэмрэ терроризмэмрэ» дунейпсо конференцым кьыщІыпсалъэу. - Абы щыгъуэм хэкІуэдащ Польшэм и унафэщІ нэхъыщхьэ псори.

Социалист-совет гупсысэхэр терроризмэм и кьежьапІэу Мачеревич кьелъытэ икІи нэхъапэм ахэр кхъухьлъатэм щымыІауэ трегъэныхь. Смоленск пэмыжьжьэу кхъухьлъатэр кьызэрыщІехуэхар абы бгъурегъэувэ Донбассыр «зэрызэрапхъуам», «Боинг-777»-р ополченцхэм Украинэм кьызэрыщІадзыам, СириемиІуэхуэм «Іэ щІыІэкІэ зэрыхэІэбам». Кьищынэмыщ Іауэ, зыхъумэжныигъэмкІэ министрым террорист Іуэхугъуэу Іуэльытэ Польшэм и офицерхэр Катынь щІыпІэм совет тыдзэм зэрыщыІэзэтриуКІамрэ Абхъазымрэ Осетие Ипщэмрэ папщІэ Куржьым зауэ иращІыпІауэ зэрыщыгтамрэ.

Мачеревич кьыхигъэщащ: президент кхъухьлъатэр 2010 гъэм кьыщІагъэуар Польшэм и унафэщІ абы исахэр Катынь щІыпІэм 1940 гъэм кьыщыхъуэжьэм нахуэу тепсэлъыхьа, адэкІэ я кьэралыр щхьэхуитныгъэм хуаушэну ягъэІуа иужькІэщ. «Аращ зытекІуэдар Польшэм и цІыху пашэхэр», - жиІащ зыхъумэжныигъэмкІэ министрым. Абы щыгъуэми пыухьафкъым Польшэм и хьыфакъым Польшэм и дзэ-политикэ унафэщІхэр зэрыхэкІуэдамкІэ кьуаншэр Мэзкуу.

Фигу кьэдгъэкІыжьынщи, Ту-154М кхъухьлъатэм Смоленск областым 2010 гъэм мэлыжьхьыхьм и 10-м кьыщежэхащ. Абы иса цІыху 96-ри хэкІуэдащ, Польшэм и президент Качиньский Лехрэ и щхьэгъуэсэмри яхэту. Ахэр кІуэрт Катынь къыщыхъуа гуауэм хэкІуэдахэм я фэеплъыр яГъэлъэпІэну.

Польшэм и Дзэ-Хьэуа Къарухэм я кхъухьлъатэр кьехуэхащ «Смоленск-Северный» аэропортым щыщетІысхьэм. Къаралхэм зэдай комиссэм кьиІыпытащ абы щхьэусыгъуэ хуэхъуар пшагъуэ Іувым и зэрранкІэ экипажкІэ зэрыщыуар араУэ.

«Интерфакс» хъыбарегъащІэ агентствэ.

● Къаугъэ

Пресс-конференц щагъэІакъым

«Шэзэным щыщыІэ щытыкІэм Ингушым щытедгъэпсэлъыхьынукъым», - жиІащ Евкуров Юнус-Бэч «Хьэзаб тегъэлъыныр къэмыгъэхъуныкІэ комитетым» хэтхэм Нэзрэн пресс-конференц щрагъэкІуэкІыну хъыбар къыщищІэм.

- Грознэ кьалэр щыІэщ Шэзэным щыщыІэ щытыкІэм щытепсэлъыхьыну - абы щызэхурес, - жиІащ Ингушым и Іэтащхьэм. - НэгъуэщІ щІыпІэхэм ехьэлІа гугъуехьэр ди деж кьахьу ддэнукъым.

Абы щыгъуэми «Хьэзаб тегъэлъыныр къэмыгъэхъуныкІэ комитетым» хэтхэм Ингушым и щІыналъэм пресс-конференц зэрыщрагъэкІуэкІынур Евкуровым кьыщищІар хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэм кьытехуа тхыгъэхэращ. Официальнэу абы зыми зыкъыхуигъэзакъым.

«ИТАР-ТАСС» хъыбарегъащІэ агентствэ.

● Хэхыныгъэхэр

Меркель и партыр хагъащІэ

Іэпхъуэшапхъуэхэр куэду кьаззэрыхьхьар Германием ижь-ижьыж лъандэрэ щыпсэухэм зэрафІэмыфІыр кьагъэлъэгъуащ иджыблагъэ зэхэта щыпІэ хэхыныгъэхэм.

ГЕРМАНИЕМ и щыпІищым щекІуэкІа хэхыныгъэхэм Іэпхъуэшапхъуэхэм я бийхэр парламентым щыпхыкІащ. Къэралым и канцлер Меркель Ангелэ зи пашэ Христиан-демократ союзыр (ХДС) щытекІуар зы закъуэращ.

Официальнэу кьызэратамкІэ, ХДС-м и Іуэхур кьыщыкІар Саксоние-Анхальт щІыпІэращ. Меркель и тельхьэхэм абы процент 29,8-рэ ящыщыхьащ. Рейнфальц-Пфальцым социал-демократхэм пашэныгъэр кьыщахьащ (процент 36,2-рэ). «Удзыфэхэр» щытекІуащ Баден-Вюртемберг щыпІэм (процент 30,3-рэ).

Абы щыгъуэми «Германием и нэгъуэщІ хэкІыпІэ» Іэпхъуэшапхъуэхэм я бий партыр щыпІэ парламентищым щыпхыкІащ. Ар кьызэрызэрагъэпэщэр илъэсищ хъуащ. Абы хэтхэм кьагъэуз Іэпхъуэшапхъуэхэм ятеуухуа хабзэр ФРГ-м щагъэткІиину.

РБК.

Напэкіуэціыр зыгъэхьэзырар **ЖЫЛАСЭ Заурбэчщ.**

● Энергетикэ

Уасэхэм я Іыхьэ щанэр кІэрагъэхуну къегъэув

Ставрополь крайм и губернаторым кьыхилъхьащ я щІыпІэм кьыщагъэсэбэп электрокъарум и уасэм процент 30 кІэрагъэхуну.

КРАЙМ и правительствэм и пресс-Іэнатіэм зэрыщыжаІамкІэ, Владимиров Владимир кьелъытэ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэм и ауэрэ субъектхэм елъытауэ мыбы электрокъарум и уасэр хэпщІыкІыу щынэхъ лъапІэу.

Губернаторым кьыхилъхьащ тарифхэм процент 30 кІэрагъэхуну. Абы Іэмал къитынущ щІыхуэхми Іуэхущ Іапіэхэми электрокъарум и уасэр нэхъ яхуэтыну. Владимировым и жэрдэмым Урысей Федерацэм и Правительствэм щыхэплъэнущ.

БЕЛЯЕВЭ Алёнэ.
«Аргументы и факты»

● США

Трамп хьэмэрэ Клинтон?

2016 гъэм и бжьыхьэм Америкэм и Штат Зэгуэтхэм я президент Обамэ Барак и къулыкъур кьигъэнэн хуей хъунущ - ар пІалъэитІкІэ зэкІэлъхьэужьу абы тетащ. Хэт кьыкІэлъыкІуэ илъэсиплІым США-м и пашэ хъунур? ЗэкІэ ар жыІэгъуейщ.

США-м и президент кьулыкъым щІэбэнхэм ящыщу Трамп Дональдрэ Клинтон Хиллариирэ иджыпстукІэ нэхъ кьыхобелджьылыкІ. Каролинэ Ищхъэрэм иужьу щекІуэкІа праймериз (пэщІэдзэ хэхыныгъэ) абыхэм я Іуэхур нэхъ кьыщикІащ. Мелардырыбжэ Трамп США-м и кьуэкІыпІэ штатым хэхакІуэхэм я процент 39-м Іэ щыхуэІэтащ, Круз Тед зымащІэкІэ ефІэкІри. Америкэм и Штат Зэгуэтхэм я президенту щыта Клинтон Билл и щхьэгъусэ, къэрал секретару лэжьа Клинтон Хиллари и Іуэхуэр нэхъыбэрэ щытекІуар. Абы Іэ хуаІэтащ Каролинэ Ищхъэрэм и хэхакІуэхэм я процент 64-м. ХуэдитікІэ нэхъ мащІэщ и хьэрхуэрэгъу Сандерс Бернри и телъхьэхэр.

Апхуэдэ щыкІэкІэ наІуэ мэхъу США-м сыт щыгъуи щызэпэщІэт партитІым я пашэхэр. Іуэхум хэпщыкІыу зимыхъуэжмэ, президент хэхыныгъэхэм республикэ партым кьыщигъэлъэгъуэнущ Трамп Дональд. Демократхэм зытрагъэщІэ-

● Хэхъуэ

● Хэхъуэ

● Хэхъуэ

● ДифI догъэлъапIэ

Зи Iэщ1агъэм хуэпэж Хьэщэ Къанщобий

Егъэлеиныгъэ хэслъхьэу къыщI1экIынкъым. Щ1ожджэнцыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и актёр Хьэщэ Къанщобий ди республикэм и театреплъхъэм нэхъыфIу ялъагъуэхэм ящыщ1ыщ жысIэмэ. Зи джэгукIэр куэдым ягу ирихь а артистым и ныбжьыр иджыблагъэ илъэс 55-рэ ирикъуащ.

ИНАРЫКЪУЕЙ адыгэ хуэажэжьым щыпсэу Хьэщэкэ Заудинрэ Нинэрэ я бынитхум я нэхъыжьщ Къанщобий. Я адэр механизатору колхозым щылажьэрт, я анэм унэгуащ къалэнхэмрэ сабий гъэсэнымрэ и пщэ дэлът. Адрей къуажэ сабийхэм къащхьэщыкIырт Къанщобий - топ кIрахуэкIыу уэрамым дэт щIыкIуэхм щIагъуэрэ яхьихьэтэкъым, сурэт щIыным дихьэхырти, унэм зэрыщIэсыр нэхъыбэт, и ныбжьэгъуэхм зорадзджэгум нэхърэ. Сурэтыщ1 хъуным зэрысабийрэ щIэхъуэпсырти, художественнэ училищэм щIэтIысхьэну тIэунейрэ яужь итащ Къанщобий, ауэ къэхъуIа1кым. Апхуэдэу щыхьум, дэзм къуIыкъу щIищIэну ираджэри, ар хъарзынэу къриубгъэпIащ.

Хьэщэр пасэу унагъуэ хъуащ. И щхьэгъуэз Иринэ КъБКъУ-м филолог Iэщ1агъэм щыхуеджэрт, ягъэ Налшык дэт 15-нэ училищэм щIэтIысхьат. Артист хъуну зэи зигу имыIъа щIалэр Щукиным и цIэ зэрихьэу Москва дэт театр институтым щIэтIысхьа зэрыхъуар гъэщIэгъуэнщ.

- Зэгуэрым газетым хъыбарегъащIэ къытрадзауэ къыспэщIэхуащ, Щукин Борис и цIэр зезыхьэ театр институтым къикIа егъэджакIуэхэм абы и адыгэ студием щIагъэтIысхьэнухэр Къэбэрдей-Балъкъэрым кьыззэрыщыхахыр итт абы. Сытегушхуэри, сэри си зэфIэкI зIгъэуназыну сыкIуащ комиссэр щылажьэм, - игу къеГъэкIыж Хьэщэм.

Зэпеуэр гуащIэт - зы цIыхум и пIэм 13 итт. Іыхьищу екIуэкIа экзаменхэри тынштэкъым, ауэ Къанщобий хуэзфIэкIащ гъэунэхунгъэхэм пхыкIыу институтым щIэтIысхьэн. Ар еджащ студент нэхъыфIхэм хабжэу, Щукинымрэ Вахтанговымрэ я щIыхьклэ ягъэува стипендиехэр кьрату. Студием щIэсхэр адыгэ защIэу цIыху 13 хъурт. Абы кьыдеджащ Мысост Вадим, Лу Рэмэзан, ТIащ Маринэ, Дохъушкъуэ Мадинэ, Сэралъп Роберт, Къаздэжьу Ларисэ, КIарэ Ларисэ, КIэнщIэлий Роман, Дзбагъэ Роман, Тэмазэ Лиуан сымэ.

Еджэныр кьаухыу кьыщIагъэзэжьым, ахэр зэрыгупу ди адыгэ театрым къащтащ икIи лжэкIыгъэм жыджэру пэрыувэрэ, ягъэ ялъагъуу къыхаха Iэщ1агъэм ирилжьэн щIадзащ. Кьызыхьхьэжа артистхэми я нэхъыбэм «Щука»-р къаухат, цIэрыIуэ хъуа куэдри яхэтт.

Къанщобий ягъэ театрым щигъэзащIэхэм ящыщ1ы Толстой Алексей и тхыгъэм кьытращIыкIа «Пащтыхьымрэ пащтыхь гуащэмрэ» («Орел и орлица») спектаклым хэт Репнин Михаил пщым и ролыр. А спектаклыр Фырэ Руслан иужьkIэ щигъэувыжам, Филипп митрополиту джэгуащ. Апхуэдэу Хьэщэр щыджэгуащ IутIыж Борис и «Тыргъэтауэ», «Дамэлей» пьесэхэм кьытращIыкIа спектаклхэм, Шиллер Фридрих и «Хьунакъ1хэмэ», иужьрейуэ ягъэувэжам ящыщу «Ретро», «Унэидзыхь», «Трактиргуащэ», «Мыщэ и къуэ Батыр», «Уэлий и парашют», «Уафэгъуэгъуэ макъ», нэгъуэщIхэми.

Къанщобий и зэфIэкIыр къыщигъэлъэгъуащ киноми. Адыгеим щытраха «Сумерки надежд» зыфIаща адыгэ фильмым Мысост Вадим щIыгъуу щыджэгуащ. Франджым щыIэ Канны къалэм щекIуэкIа кинофестивалым а фильмыр хэтыну къыхуагъэфащауэ щытащ икIи абы и режиссёр Хьэщ1эмыз Руслан и гъуэгу ди артистхэри абы щыIат.

Хьэщэр зи Iэщ1агъэр фIыуэ зылъагъуэхэм ящыщ1.

- Театрым сыщIэмыхьэу махуэ зыбжанэ дзэгъэхумэ, абы сыхуэныкъуэу, сыхуэззэшу апхуэдэщ, - жеIэ абы. Шиллер Фридрих зэрыжиIащи, актёрыфIым и дежкIэ роль IейщIэкъым. Къанщобий роль нэхъыщхь къыхуагъэфащэми, нэхъ цIыкIу кьыльысми, тIыри зэхуэдэу удихьэхыу егъэззащIэ.

Урыс тхакIуэ Островский Николай жиIэгъат: «ЦIыхухэр театрым щIэкIуэр еплъын къудей щхьэкIэкъым, атIэ актёрхэм я джэгукIэм зыщагъэгъуэзэн муради яIэщ». ЦIыбгъун щымыIэу арэзы утохьэу мы псалъэхэм. Пьесэм уеджэмэ, ар зытеухуар къэпщIэфынущ, ауэ утыкум щытIагъэу спектаклир уи нэгу кьыпхущIэгъэхьэнукъым. Ди режиссёрхэри актёрхэри толажьэ театрым кьекIуалIэхэм ялъэгъуар гукъинэ ящыщ1ыным.

Театрыр пэлэпкъым и гуэджэщ, жаIэ. Дуней зызыужьым кьыззэрыкIэрымыкхуным хущIэкъуу мэпсэу ди театрри. Абы и кьалэн нэхъыщхьэкъым щытепсэлъыхькIэ, Къанщобий гу лъетэ:

- Режиссёр цIэрыIуэ Станиславский Константин зэрыжиIащи, театрым цIыхухэм я нэгум зегъэужьын кьалэн фIэкIа имыIатэмэ, абы аптхуэдиз кьару трагъэкIуэдэнтэкъым. Шэч хэмылъу, театрыр гъащIэм и щытыкIэр сэтей кьэзыщI искусствэщ. Абы и кьалэн нэхъыщхьэри араш - гъащIэм мыхъумыщIагъэу хэлъым театреплъым гуащкI зэрыхуедгъэщIыным, нэхъыфIым гу зэрыльедгъэтэным яужь дитщ. Роль нэхъыщхьэ щызгъэзащIа «Ретро» спектаклир кьэдгъэлъэгъуэ ноужь, абы епIъахэм ящыщу цIыху зыбжанэ кьэпсэльащ абы игъэпIейтеиуэ, я адэ-анэм куэд щIауэ гулыитэ зэрыхуамыщIар ягу кьэдгъэкIыжауэ жаIэу. КьызэрыслъытэмкIэ, «Ретро» спектаклым и кьалэн нэхъыщхьэр игъэззащIащ, - жеIэ Къанщобий.

Гъащ1эм щыщ Іэзэгуэгъэ зэрыгъэтIагъуу, зэрызыхэтщIэу дыззэрсам хуэмыдэу нэгъэущI лъэныкъуэкIэ дрегъэплъ актёр Іэзэм. Абы «реальность», «Іуэхум и пэжыпIэ» жыхуэтIэр пщалъэ щхьэхуэм ирегъэзагъэри, ди пащхьэ кьрелъхьэж. Мис ар актёрым и Іэзагъым и нэщэнэщ. Апхуэдэ Іэзэу бгъэдыхьэкIэм и лъабжьэ щIэлъщ гъэсэныгъэ лъагэмрэ акъыл жыIемрэ. Зи гугъу сщIы псори дыболъагъу Хьэщэ Къанщобий.

Актёр гуэрхэр щыджэгукIэ, театрцIыкIухэм глобализацэм фIы къахудэмыкIуэнкIэ зэрыхъунур узыгъэгузавэщ. Хьэщэр нэхъыбэу зыгъэпIейтейхэм ящыщ1ы ди театрхэр щIыпIэ бюджетым иратыжыну хьыбар зэрыщIыIэр. А Іуэхугъуэм кьрикIуэнурэ гурыIуэгъуэщ.

- Ди театрыр хэмыкIуэдэжу, и пIэ имыту зиужьын папщIэ, нэгъуэщI кьалэнхэми кьадэкIуэу, къэралым и кьалащхьэм щыIэ театрхэм я лэжьэкIэм дыкIэлъыплъын, абыхэм щыIэ режиссёрхэмрэ актёрхэмрэ дэрэ дыззэрыщIэн хуейщ, - жеIэ Къанщобий. - Пэжщ, ди лъэпкъ театрым кьезэгъынукъым абыхэм щагъэув псори, ауэ узыкIэлъыплъын куэд яIэщ. Москва мыгувэу щекIуэкIыну «Золотая маска» фестивалым сыхэтыну сыкIуэнущ. Си гугъэщ ди театрым хуэщIхьэпэн куэд абы кьыхэсхьну.

Дэтхэнэ цIыхуми и гъащIэм зэман-зэманкIэрэ кьыхохьэри, лъэужь мыкIуэдыж кьыщагъанэ цIыху щхьэхуэхэм. Апхуэдэу, Къанщобий и илъэс блэкIахэм хуеплъэкIыжмэ, нэхъ гуапэу ину кьэгъэкIыжхэм ящыщщ Кьардэнгъущ Зырамыкуэрэ IутIыж Борисрэ. «Ныбжьэгъугъэр ныбжьым елъытакъым», - жыхуаIэращи, артистыр ирогушхуэ лъэпкъыпл нэхъ губзыгъэхэм ящыщхэр гъунэгъуу зэрицIыхуам, Кьардэнгъущ Зырамыку и ныбжьэгъуфIу зэрыщытам. Аэр нэхъ гъунэгъуу щыIэрыщIыхэри ГъащIэгъэуэнт - Тыркрат кьежьапIэ хуэхъуар абыхэм я зэныбжьэгъугъэм. Адыгэ театрыр абы щыджэгуну щрагъэблэгъам, Зырамыкуи IутIыж Борисри гупым яхэтащ.

- Зырамыкуэр Борисрэ я чэнджэщкIэхэр, я гушыIэ дахэр, я акъыл жаныр нобэми си гум гуапэу илъщ, - жеIэ Къанщобий. Зырамыку тхьипIыщIэ кьыдигъэкIыху, ар япэу тыгъэ зыхуищIхэм сащыщт.

Хьэщэ Къанщобий щысабийм Тхьэшхуэм кьыхилъхьа зэчийр нобэми кьыдогъуэгурыкIуэ - сурэт щыным иджыри къэс дехьэх.

- Гъэлъэгъуэныгъэхэм щIэх-щIэхыуэр сокIуэ икIи сурэтхэм сеплъа нэужь, сэри зыгъэр сощIыну узым хуэдэу къысохьэсэ. Спектаклхэм я репетицэхэм деж си лжэкъгъуэхэм я сурэтхэр щысщI щыIэщ. Апхуэдэу, «Дамэлейр» щыдгъэувым, IутIыж Борис и сурэт сщIати, «ИгъащIэм си сурэт нэхъ сэщхьу зыщIар зэраш», - и гуапэ хъуауэ къыжиIат абы.

Пэжныгъэм зэман къыщыхудэкIэ Хьэщ1ащ1ий фIэфIщ дыкъэзыухъуреихь дунейм сурэт тринхыну. Кьалэм куэдрэ щыплъагъунущ сурэттехыр Іэщ1эпIу.

Гупсэхугъуэ щигъуэт унагъуэ дахэ иIэщ Хьэщ1ащ1ий. Абы и щхьэгъусэ Иринэ ди лъэпкъ музейм и унафэщIым и къуэдзэщ, а Іэнатlэм лжэныгъэшхуэ щызэсфIех. Абыхэм я кьуэ Эльдарэрэ япхъу Венерэрэ унагъуэ хъужащ насыпыфIэу мэпсэу. Я нысэ цIыкIу Анжелэ зыпащIыр щымыIэм хуэдэу фIыуэ ялъагъу. Езыми гуащэм и щапхъэр и гъуазэу, унагъуэм щыщ хъуауэ ильэситхум нэблэгъауэ яхэсщ. Ари ди лъэпкъ музейм и лжэкIыгъэщ.

- Сабийхэм щIэныгъэ епт кьудейкIэ зэфIэкIыркъым. Адыгэ унагъуэм щызекIуэ хабзэхэми, нэхъыжьым зэрихуущытыпхъэми, нэхъыщIэм зэрыбгъэзытпхъэми, уи лжэныгъэ Іэнатlэр зэрепхьакIыпхъэми щIалэгъуалэр щIэпIыкIын хуейщ. Аэр фIы хъунуми нэгъэущI зыгуэру кьыщIэкIыными дэращ, адэ-анэрщ, зэпытар, - жеIэ Къанщобий.

Илъэс 55-р гъащIэм и дахэгъэщ, блэкIар кьыщапщытэж, мурадыщIэр щащI зэманщ. Артист гъуэгуанэм дохъуэхъу узынщагъэ быдэ иIэу ди лъэпкъ театрым и зыужьныныгъэм и гуащIэ куэд иджыри ирихьэлIэну. И Іуэхуэр и кьуэш-и шыпхъуэхэм хуагъэдахэу, сыт хуэдэ зэманри щIэгъэкъуэн, чэнджэщагъу Іущ кьыхуэхъу и унэгуащэм, и бынхэм гуфIэгъэу куэд ядильагъу Къанщобий иджыри илъэс куэдкIэ псэуну ди гуапэщ.

ЩОДЖЭН Іэминат.

Хьэщэ Къанщобий щыджэгуа спектаклхэм ящыщ теплъэгъуэхэр.

● Хъуэхъу

Сэбаншы Евгение илъэс 75-рэ ныбжь дахэр егъэлъапIэри, дохъуэхъу

Сэбаншы Евгение лжэныгъэкIи жылагъэ Іуэхукіи жыджэра, зэхэщIыкI иIэу, гудзакъэ хэлъу, фIым хуэпабгъэу къэгъуэгурыкIуа цIыхуэ, унагъуэ дахэм и гуащэ адыгэ цIыхубз нэсщ. Къэралым гулъытэ кьыхуищIащ бзылъхугъэ гуащIафIэм. Абы кьратащ КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и ЩIыхь тхьилъ, социалист зэхьэзэхуэм зэрыщытекIуам папщIэ дамыгъэр, нэгъуэщIэхэри. Абы иIэщ «Пэжныгъэм и ветеран» медалыр.

ПщIэ зыхуэтщI, фIыуэ тлъагъу анэ гумащIэм, нанэу щыIэм я нэхъ Іэфым уи махуэшхуэмкIэ дынохъуэхъу! Уи узынщагъэмрэ уи гуащIэмрэ мыкIуэщIу, дэрэжэгъуэр уиIэу упсэуну, уи щIэблэм я насып плъагъуну дынохъуэхъу. Тхьэм куэдрэ укъытщхьэщигъэт!

Уи унагъуэр, уи Іыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ.

ФIыуэ тлъагъу Къэбэрдей-Балъкъэр

Лъахэхутэ Котляровхэ Викторрэ Мариерэ сурэттех Щ1ожджэн Жаннэ я гъусэу иджыблагъэ кьыдагъэкIа «Заповедная страна: Кабардино-Балкария» сурэтылъэм узэрыIуплъэу уетхьэкъу. Полиграфием и Іэмалыщ1э гъэщ1эгъуэн куэд щыз1эхауэна къыдэкIыгъэщхьэр дахэу, щ1эщыгъуэу гъэщ1эрэщ1ащ1. Ауэ нэхъыщхьэ абы къыщыгъэлъэгъуа сурэтхэм уемыкъуэпсэнкIэ Іэмал имыIэу ди щIыналъэм и щIыпIэ дахэхэм уэзрыIуагъалъапIэрщ. Щ1эч хэмылъу, ар утемыукIытыхьу хэти епт хъуну тыгъэ екIущ.

ЩIыIуэпс телъыджэ зиIэ щIыналъэм хуаIэ лъагъуныгъэр хуаIуатэу кьыщIыщIыгъэхъу сурэтхэм абы и бгылъэ щIыпIэхэм, бгъэунщIагъэм, псыкIантIэхэм, гуэлхэм, псыкъелъэхэм, ауэ щыгъафIэхэм я дахагъэр нэIурыт пщащI. ЩIыналъэм щIыпсэухэм я псэукIэр, щэнхабзэр кьызыгъэтхьидэфэеплъхэр, гъуазджэр, зыгъэпсэхупIэ хьэлэмэтхэр, Налшык кьалэр, нэгъэущI куэдри дегъэлъагъу сурэтылъэм. Псори зэхэту щэ бжьыгъэм щIигъу сурэтхэм гум иримыхьыну зыри яхэткъым.

Апхуэдэ тхылъ нэхъапэм ди дежкIэ кьыщыдэкIакъым, кьыщыдэкIыну фIэщщIыгъуейщ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, абыхэм къагъэлъэгъуа дахагъэ псор зэхуэпхьэсын папщIэ республикэр и бгъуагъэкIи и кIыхьагъкIи кьызэхэпкIухьын хуейщ. Ар кьыдэзыгъэкIахэм илъэсипщI бжьыгъэхэр трагъэкIуэдащ а Іуэхум. Абыхэм я лъагъуэм ирикIуэфын щыIэну пIэрэ? ЩIыIэну кьыщIэкIынщ. АрщхьэкIэ апхуэдэ кьыкъуэмыкIми, мы кьыдэкIыгъуэ дахэм щIэджыкIакIуэхэр илъэс куэдкIэ эзригъэгуфIэнум щэч хэлъхъыш.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

● БэнэкIэ хунт

Махуэ Билал и зи чэзу текIуэныгъэ

Улан-Удэ къалэм щекIуэкIащ Бурятием и Іэтащхьэм и саугъэтыр къэхьыным ехьэлIауэ бэнэкIэ хуитымкIэ XXI дунейпсо зэхьэзэхуэ. Абы щытекIуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ бэнакIуэ цIэрыIуэ Махуэ Билал.

И хьэрхуэрэгъуХэМ зы Іэмали яримыту текIуэныгъэхэр кьафIихьурэ, Махуэр зэхьэзэхуэм и финалым нэсащ. Килограмми 125-м нэблагъэ зи хьэлъагъхэм я гупым и кIэух зэIущIэм ди лъэпкъэгъум кьыщыхуэзащ хэгъэрейхэм я бэнакIуэ Цыжипов Балдан. АрщхьэкIэ ари гугъущэ фемыхьу Билал хиГъащIащ икIи дунейпсо зэхьэзэхуэм и дыщэ медалыр кьихьащ.

Иджыпсту Махуэ Билал Дагъыстэным и командэ кьыхэхам и гъусэу Олимп джэгуэхэм Хасавюрт кьалэм зыщыкуегъэхьэзэр.

ЖЫЛАСэ Замир.

● КъБР-м и прокуратурэм

Лъабжьэншэу къалъытэ

Урысей Федерацэм и Суд Нэхъыщхьэм административнэ Іуэхуэхмкl э и суд коллегиер хэплъащ «КъБР-м и щIыналъэм къыщагъэсэбэп щIыуэпс газым пэкIуэу коммунальнэ Іуэхутхьэбзэхэм я пщалъэхэр гъэувыным и Іуэхукl э» 2013 гъэм дыгъэгъаз эм и 30-м республикэм Энергетикэмкl э, ЖКХ-мрэ тариф политикэмкl э и министерствэм къыщагъэкIа унафэ №80-м къиша зэдауэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и Суд Нэхъыщхьэм зэрызэхигъэкIамкIэ мыарэзыуэ «Газпром-Псыхуабэ щIыналъэ зэхуаку газ» ООО-м ита апелляцэ тхылъым.

ЯГъЭХУАБЭ псэупIэ метр зэбгъуэзнатIэм газу кубометри 6,6-рэ хуэзэу къащта пщалъэр фIэмащIэу икIи трагъэкIуадэр ирикъуу къыхэмыкIыжын кьыфIэщIу, обществэм КъБР-м и Суд Нэхъыщхьэм зыхуигъэзат.

Іуэхум хэта прокурорым ар щIадауэм лъабжьэ имыIэу кьыпхьащI. Абы къиГъэувхэр судми диIыгъакъым – метр зэбгъуэзнатIэм газу хуэзэр кубометри 8-м щIигъун хуейуэ кьыззэрабж щIыкIэм арэзы текIуэкъым. УФ-м и Суд Нэхъыщхьэм граждан Іуэхуэхмкl э и суд коллегием нэхъапэкIэ къащта унафэр зэрыщытауэ къиГъэнэжащ, «Газпром-Псыхуабэ щIыналъэ зэхуаку газ» ООО-м и тхьэусыхафэр хуигъэзэщIакъым.

Урысей Федерацэм и Суд Нэхъыщхьэм и суд коллегием и зэIущIэм УФ-м и Прокуратурэ нэхъыщхьэм и лIыкIуэ хэтащ икIи судым и унафэр хабзэм кьызэрезэгъэр, тхьэусыхафэр зэрыльабжьэншэр къигъэльэгъащ.

Хабзэм къоззгъ

КъБР-м и Суд Нэхъыщхьэм уголовнэ Іуэхуэхмкl э и суд коллегиер Шыдакъ В. хуэгъэзэа уголовнэ Іуэхум хэплъащ. УФ-м и УК-м и 162-нэ статьям и 2-нэ Іыхьэм къыщыгъэлъэгъуа щIэнхъаджагъэ зэриляжьам (щыхум зэрытеуам) къыхэкIыну. 2015 гъэм щэкIуэгъуэм и 30-м Май щIыналъэ судым и унафэкIэ, илъэсрэ мазихкIэ ар ягъэтIысащ.

ЗэРЫТХЪЭУСЫХЭЖ тхылъым абы щыжиIэрт щIэпхъаджагъэм и Іуэху хэмылъу, ар зэхэгъэкIа мыхъуауэ икIи унафэр якъутэжу хей ящыжыну щIэлъэIурт. Кьэралым и щIэкIэ зыгъэкъуанщэр абы арэзы темыхьуэу, лей зытехьамрэ щхьхэтхэмрэ и тегъэщIапIэу, Іуэхур пэжу зэрызэхагъэкIар игъэнэхуащ, унафэр хабзэм кьезэгъыу кьиIылъ-тащ.

Прокурорым жиIар диИыгъри, Суд Нэхъыщхьэм унафэр зэрыщытауэ къигъэнэжащ, тхьэусыхэжам и лъэIур хуигъэзэщIакъым.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Іуэхущ1апIэ.

Ди газетым и къыкIэлъыкIуэ номерыр къыщыдэкIынур гъатхэпэм и 19-рщ.

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэ

Редколлегием хэтхэр

ХьэФIыщIэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), **Жылас Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Нэщ1эныдж Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щ1хьэщэмыщ1 Иэ.**

Езыгъэтхаэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ игъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхуэхмкl э - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Іуэхущ1апIэхэм ядэлжьэнымкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдэкIаIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемкIэ - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатlэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщыIэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ аэр зытхаэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епIыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хутныыгъэр хуэзнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Іуэхущ1апIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокI.

«Тетграфа» ООО-м щыгъэзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къанщокъуэ Элэ, редактору Нэщ1эныдж Замирэ, корректорхэу Щ1ожджэн Заирэ (2, 4, 5-нэ нап.), Щ1ожджэн Иннэ (1, 3, 6-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и тепIэр ящ1ащ Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щ1омахуэ Марианнэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, сурэтхэм елэжьар Бицу Жаннэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ тредзэн хуейщ сыхьэт 20.00-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.072 ● Заказ №356